O`zbekstan Respublikası Xalıq Bilimlendiriw Ministrligi

A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı

Pedagogika fakulteti

Mektepke shekemgi ta`lim kafedrası

**Seytmuratova Miyrigul Genjemurat qizi**

«Mektepke shekemgi ta`lim» ta`lim

bag’darının’ 4 kurs talabası

# PİTKERİW QA’NİGELİK JUMISI

Tema: Balalarg`a jol qag`iydalarin u`yretiwde ken`islik tu`siniklerinin` a`hmiyeti

Ilimiy ma`sla`ha`tshi: p.i.k. dots. A.Bekimbetova
İlimiy basshı: G. Turebekova
kafedra baslıg’ı: ps.i.k.Q.Tleumbetova

No`kis-2014

Mazmuni

Kirisiw_______________________________________________________3
I-Bap. Mektepke shekemgi jastag`i balalarda ken`islikte mo`ljel aliwg`a u`yretiwdin` teoriyaliq tiykarlari
I.1.Balalarda ken`islik tu`siniklerin qa'liplestiriwdin' a`hmiyeti_____________8
I.2.Balalarda ken`islikte mo`ljel aliwg`a u`yretiwdin` mazmuni ____________13
I.3.Balalarg`a bag`dar boyinsha ha`reket etiwdi u`yretiw_________________18
Birinshi bap boyinsha juwmaqlaw_____________________________________22
II-Bap. Mektepke shekemgi jastag`i balalarg`a ken`islik tu`sinikleri arqali jol ha`reketi qag`iydarin u`yretiw jollari
II.1. Mektepke shekemgi jastag`ı balalarda jol ha`reketi qa`wipsizligi qag`ıydaları tu`siniklerinin` mazmuni ha`m a`hmiyeti________________________________23
II.2. Oyinlar arqali balalarg`a jol ha`reketi qag`iydalarin u`yretiw____________33
II.3. Balalarg`a jol ha`reketi qag`ıydaların u`yretiwde ata-analardın` tutqan orni_40
Juwmaqlaw___________________________________________________44
Paydalanilg`an a`debiyatlar dizimi____________________________________47
Qosimsha____________________________________________________50

Kirisiw

**Izertlew jumisinin` aktuallig`i:** Ma`mleketimizde ha`r ta`repleme salamat ha`m barkamal awladtı tarbiyalaw, jaslardın` do`retiwshi ja`ne de intellektual potentsialın ju`zege shıg`arıw, jurtımız jigit-qızların a`sirimiz talaplarına juwap beretug`ın ha`r ta`repleme jetik shaxslar etip ju`zege shig`ariw ushın ba`rshe sha`rt-sha`rayat ha`m imkaniyatlardı jaratıw boyınsha ken` ko`lemli, anıq bag`darlang`an shara ilajlardı a`melge asırıw maqsetinde, sonday-aq, elimizde 2014 jıldı «Salamat bala jılı» dep dag`aza qılınıwı mu`na`sibeti menen O`zbekstan Respublikası Prezidentinin` «Salamat bala jılı» Ma`mleket da`stu`ri haqqındag`ı qararı dag`aza etildı. Qararg`a tiykarlanıp da`stu`rdi izbe-iz a`melge asırıw tiykarında salamat a`wladtı o`siriw barısındag`ı shara-ilajlardı ja`ne de ku`sheyttiriw, analar ha`m balalardın` reproduktiv salamatlıg`ın qorg`aw sistemasın jetilistiriw, ekonomika tarmaqları ja`ne de tarawlardag`ı bar talaplardı itibarg`a alg`an halda, o`sip kiyatırg`an jas a`wladqa ta`lim ha`m ta`rbiya beriw tarawındag`ı materiallıq texnika bazasın ja`ne de bekkemlew, onnan aqılg`a muwapıq ha`m na`tiyjeli paydalanıwdı ta`miynlew, Ma`mleketlik ta`lim standartları, oqıw metodikalıq a`debiyatlardan ken` paydalanıw, jan`a pedagogikalıq texnologiyalardı, elektron sabaqlıqlar, multimediya quralların ken` engiziw tiykarında ma`mleketimiz oqiw orinlarinda oqıw sapasın tu`pten jaqsılaw ko`zde tutılg`an.[1]

Mektepke shekemgi bilimlendiriw balanın` salamat ha`m jetik, sonın` menen birge, mektepke tayar halatın qa`liplestiriw maqsetin go`zleydi. O`zbekstan Respublikasının` «Bilimlendiriw haqqında»g`ı Nızamının` 11-statyasında**:** «bul bilimlendiriw 6,7 jasqa shekem shan`araqta, balalar baqshasında ha`m mu`lklik tu`rine qaramastan basqa bilimlendiriw ma`kemelerinde alıp barıladı», dep keltirilgen. Haqıyqatında da, ta`lim-ta`rbiya qanshelli erte baslansa, onın` na`tiyjesi sonshelli erte ko`zge taslanadı ha`m insannın` pu`tkil o`miri dawamında unamlı ta`sir jasaydı.

[1] «Sog'lom bola yili» Davlat Dastari T.2014

Jas shan`araqlar ha`m olardın` perzentlerine g`amxorlıqtı ku`sheyttiriw, olardı huqıqıy ha`m sotsiallıq qorg`awdı ta`miynlew, sonday-aq, fizikalıq ha`m ha`r ta`repleme rawajlanıp atırg`an barka`mal awladtı milliy ha`m ulıwma insanıy qa`driyatlar ja`ne de Watang`a muxabbat ruwxında ta`rbiyalaw arqalı ja`miyettin` za`ru`r buwın sanalatug`ın salamat ha`m bekkem shan`araq qa`liplesedi. Sonliqtan, elimizde jaslar arasında salamat turmıs ta`rizin qarar taptırıw, olardı ha`r tu`rli jat ideya ja`ne de tosıqlardan qorg`aw, jas a`wladtın` fizikalıq jaqtan ka`mil insan bolıp o`siwleri ushın ba`rshe sha`rt-sha`rayatlar jaratılg`an.

Usınday bir qatar itibarg`a say ilajlar o`tkizilip atırg`an bir waqıtta balalar ortasında ushırap atırg`an baxıtsız ha`diyselerdin` aldın alıw, olar sanın keskin kemeytiw aktual mashqalalardan birine aylanıp barmaqta.

Ma`lim bolg`anınday, bala jaraqatlanıwının` aldın alıwda, aldın-ala, shan`araq ag`zalarının` ha`m ta`rbiyashilardin` xızmeti za`ru`r a`hmiyetke iye. Sebebi bala waqtının` tiykarg`ı bo`legin shan`araqta, mektepke shekemgi bilimlendiriw ma`kemesinde o`tkizedi. Ol jerde ta`rbiyalanadı, a`tiraptag`ılar menen so`ylesiwdin` da`slepki sabaqların u`yrenedi. Biraq turmısta baxıtsız ha`diyseler ushırap turıptı, ko`pshilik jag`daylarda balalar olardın` qurbanına aylanbaqta. A`sirese, balalardı transport quralının` urıp jiberiwi sebepli payda bolatug`ın jaraqatlanıwlar ju`da` awır keshedi.

Son`g`ı on jıllıqlar ishinde du`n`ya ja`ma`a`tshiliginde balalar arasındag`ı jol-transport travmatizmine dıqqat og`ada ku`sheyip barmaqta. N.N.Avdeeva, T.I.Alieva, E.P.Arnautova, K.Yu.Belaya, O.L.Knyazeva, E.A.Kozıreva, N.U. Bikbaeva, Z.I.Ibrohimova, X.I.Xosimova, M.E.Jumaevlar balalarda ken`islikte orientir aliwda za`ru`r bolg`an jol ha`reketi qa`wipsizligi tu`siniklerinin` tiykarların qa`liplestiriw, qa`wipsizlik mashqalaları, balalar arasındag`ı jol-transport travmatizminin` aldın alıw profilaktikası, olarg`a bag`darlang`an bilim beriw sistemasın jaratıw, ko`nlikpe ha`m uqıplılıqlardı payda etiw boyınsha izertlew jumısları alıp barmaqta. Bul bag`darda mektepke shekemgi bilimlendiriw ma`kemelerinde alıp barılıp atırg`an jumıs(ta`jriybe)lar L.A.Komleva,

L.V.Kutsakova, S.A.Kozlovskiy, S.I.Merzlyakova, I.S.Okunev ha`m V.N.Saxarovalar ta`repinen ulıwmalastırılmaqta.

Degen menen elege shekem insaniylıq pa`ziyletlerge iye bolg`an, basqalardın` den sawlıg`ı ha`m o`mirine hu`rmet penen ko`z-qarasta bolg`an, jol ha`reketi qa`wipsizligi qag`iydaların jetik u`yrengen ha`m olardı a`melde qollana biletug`ın shaxstı ta`rbiyalaw boyınsha qolaylı strategiyalar ha`m texnologiyalardı jaratıw aktual ma`selelerdin` biri bolıp qalmaqta.

Bilimlendiriw sistemasında bul ma`selelerdi sheshiw boyınsha unamlı o`zgerisler ju`z bermekte. Ma`selen, Ministrler Kabinetinin` 2000 jıl 11 dekabrdegi 472-sanlı «Jol ha`reketi qag`ıydaları»n tastıyıqlaw haqqındag`ı qararı qabıl etilip onda en` birishi gezekte to`mendegilerge ayrıqsha itibar qaratılg`an:

-bilimlendiriw ma`kemelerinde balalar arasında jol-transport travmatizminin` aldın alıw profilaktikasın a`melge asırıw barısında za`ru`r bolg`an oqıw-metodikalıq materiallar sistemasın islep shıg`ıw ha`m olardı ta`jriybe-sınawdan o`tkeriw

-jol ha`reketi qa`wipsizligi boyınsha tayarlanıp atırg`an qa`niygeler ushın qoyılatug`ın ma`mleketlik talaplardı islep shıg`ıw ha`m olardı turmısqa engiziw

-jol-transport ha`diyselerinin` kelip shıg`ıw jag`dayların teren` u`yreniw maqsetinde kompleksli ilajlardı a`melge asırıw h.t.b.

Solay etip, ha’zirgi zaman psixologiyaliq ha’m pedagogikaliq izertlewler ha’mde mektepke shekemgi tarbiya ma’kemelerinin’ alding’ı is tajiriybeleri to’mendegilerge isendirmekte: balalar baqshasinda mektepke o’tiw waqtina kelip balalar atiraptag’ı buyimlar, ken’islik haqqinda jeterli ko’lemde mag’liwmatqa iye boladi. Olardin’ bilimleri maqsetke bag’darlang’an u’yretiw sharayatlarinda uliwmalastiriwdin’ joqari da’rejesine erisedi yag’niy «o’zinen», «buyimlardan», ken’islik bag’darlarinan mo’ljel aliwdin’ harqiyli usillarin sistema spatinda bilgenlikleri tiykarinda ken’islikte arqayin mo’ljel aladi.

Aqirinda bu’gingi ku’nde balalar baqshasinda mektepke bariwshi bala «Balalar baqshasinda ta’lim-tarbiya dastu’ri»nin’ «ken’islikte mo’ljel aliw» bo’limi boyinsha iyelewi kerek bolatug’in bilim ha’m tajiriybeler ko’lemin

aniqlaymiz.

Balalar to'mendegilerdi biliwleri kerek:

- ken'islik bag'darlar- tiykarg'ı (aldig'a - arqag'a, joqarig'a-to'menge, on'g'a-shepke) ha'm araliq bag'darlar;

- buyimlardin' jaylasiwlari ha'm olar arasindag'ı ken'islik mu'na'sibetler ortasinda, arasinda, qasinda, on'da, shepte, joqarida, to'mende, astinda, u'stinde, ishinde, arqasinda, aldinda h.t.b.

- ken'islikte mo'ljel aliwdin' ayirim usillari (o'zinen, basqa adamnan, buyimlardan, ken'islik bag'darlar boyinsha);

- piyadalardin' ko'shede ju'riwinin' ayirim qag'iydalari, ayirim jol belgileri, u'yden balalar baqshasina shekem barilatug'in ha'm balalar baqshasinan u'yge shekemgi bolg'an jol;

- ken'islik atamalardin' ma'ni ahmiyetlerin (tu'siniw ha'm olardan erkin paydalaniw);

- «ozinen», ha'r qiyli buyimlardan mo'ljel aliw;

- atiraptag'ı buyimlar ha'm ken'islikte ha'mde tegislikte mo'ljel aliwdin' ha'r qiyli usillarinan paydalanip mo'ljel aliw;

- ken'islikte o'z ornin basqa adamg'a qarag'anda, basqa buyimlarg'a qarag'anda aniqlaw, buyimlardin' ornin o'zine ha'm buyimlardin' bir-birine jaylasiwlarin aniqlaw.

Joqaridag`ilardi inabatqa alip jol ha`reketi qag`ıydaları boyınsha islep shıg`ılatug`ın ilimiy-metodikalıq a`debiyatlar o`z ishine innovatsiyalıq ha`m intergratsiyalang`an texnologiyalardı engiziwdi talap etedi. Sonday-aq, izertlewler ha`m a`debiyatlardı jaratıw barısında teoriyalıq aspektlerge ayrıqsha itibar qaratıw kerek.

**Izertlew jumisinın` maqseti:** mektepke shekemgi jastag`ı balalarda jol ha`reketi qag`ıydaların u`yretiwde ken`islik tu`sinikleri a`hmiyetinin` tiykarların qa`liplestiriw boyınsha pedagogikalıq sharayatlar (usıllar)dı islep shıg`ıw

**Izertlew jumisinin` ob`ekti:** №16 mektepke shekemgi bilimlendiriw ma`kemesi ta`rbiyalanıwshilari

**Izertlew jumisinin` waziypasi:** mektepke shekemgi jastag`ı balalardı ta`rbiyalaw ha`m ken`islikte mo`ljel aliw haqqinda tu`sinikler beriw barısında olarda jol ha`reketi qag`ıydaları tu`siniklerinin` tiykarların qa`liplestiriw.

**Izertlew jumisinin` metodlari:** mektepke shekemgi jastag`ı balalarda ken`islikte mo`ljel aliw ha`m jol ha`reketi qa`wipsizligi qag`ıydaları tu`siniklerin qa`liplestiriwde test, eksperiment, sa`wbet ha`m anketa metodlarinan paydalanildi

**Izertlew jumisinin` jan`alig`i:** jol ha`reketi qa`wipsizligi qag`ıydaları boyınsha qa`wipsizlik ma`deniyatı tu`sinigi engizildi, mektepke shekemgi jastag`ı balalarda jol ha`reketi qa`wipsizligi ma`deniyatın qa`liplestriwdin` negizleri jaratıldı.

**Izertlew jumisinin` a`meliy a`hmiyeti:** mektepke shekemgi jastag`ı balalarda jol ha`reketi qa`wipsizligi qag`ıydaların u`yretiwde ken`islik tu`siniklerinin` a`hmiyeti boyınsha qolaylı bolg`an modeli islep shıg`ıldı, bul model` bilimlendiriw ma`kemelerinde engizilip onda balanın` oyın oynaw iskerligine ayrıqsha dıqqat awdarılıp oyınlar barısında jol ha`reketi qa`wipsizligi qag`ıydaları tu`siniklerin qa`liplestiriwge ayrıqsha itibar qaratıldı. Bul model`den mektepke shekemgi bilimlendiriw ma`kemeleri, baslawısh mekteplerde ha`mde balalarg`a qosımsha bilimler beriwde paydalanıw mu`mkinshiligine iye.

**Izertlew jumisinin` du`zilisi:** Kirisiw, I-II bap, juwmaqlaw, paydalanilg`an a`debiyatlar dizimi ha`m qosimshalardan ibarat.

## I-Bap. Mektepke shekemgi jastag`i balalarda ken`islikte mo`ljel aliwg`a u`yretiwdin` teoriyaliq tiykarlari

## I.1. Balalarda ken`islik tu`siniklerin qa’liplestiriwdin’ a`hmiyeti

Insannin’ ashiq ken’islikte mo`ljel aliw mashqalasi ken’ ha`m ko’p ta’repleme boladi. Ken’islikte parqlaw ha’m ken’islikti oylaw, ken’islik ta’sirleri ha’m har qiyli ken’islik mu’nasibetlerdi ma’selen, ob`ektlerdin` formasi, o’lshemi, ken’islik bag’darlari, ken’islikte jaylasqan orni, ko’lemi, boyi, eni, ba`lentlikleri siyaqli araliqlardin’ barlig’ı ha`r qiyli ken’islik kategoriyalari bolip, olardi qabil etiw ha’m olar haqqindag’ı tu’sinikler ken’islikti oylaw-tu’siniw bolip tabiladi.

Professor V.S. Sverdlovtin’ klassifikatsiyasi boyinsha, ken’silikte orientir aliw «ken’islik haqqinda oylaw ha’m tu’siniklerdin’ a`meliy belgisi» bolip esaplanadi. Ken’islikte mo`ljel aliw ken’islikti tuwridan-tuwri qabil etiw ha’m aytip o’tilgen kategoriyalardi biliw tiykarinda a’melge asadi. Bunda diqqat, este saqlaw ha’m oylawdin’ qatnasiwi majbu’riy bolip tabiladi. Mine sonin’ ushinda «ken’islikte mo`ljel aliw» tu’siniginin’ mazmunin aniqlawda ayirim avtorlar olar do’gerek-atiraptag’ı buyimlardin’ jag’dayi, o’z-ara araliqlari, u’lkenlikleri, formalari, o’z-ara jaylasiwlari ha’m olardin’ orientir alip atirg’an denege qarag’anda jag’daylardi o’z ishine aladi, dep esaplaydi.[2]

Birqansha tarlaw ma`nide «ken’islikte mo`ljel aliw» belgisi bir jerde orientir aliwdi bildiredi. Bul jag’dayda ken’islikte orientir aliw delingende to’mendegiler tu’siniledi: a) turiw tochkasin yag’niy sub`ekttin` oni orap alg’an ob`ektlerge qarag’anda imkaniyatin aniqlaw.Ma’selen men u’yden on’ ta`repte turippan, h.t. b) do’derek-atiraptag’ı ob`ektlerdi ken’islikte orientir alip atirg’an adamg’a birlestiriw. Ma’selen shkaf mennen on’da turipti, esik bolsa mennen shep ta`repte; v) buyimlardin’ bir-birine bolg’an ken’islikte jaylasiwlari, basqasha aytqanda, olar arasindag’ı ken’islik mu’na`sibetlerin aniqlaw.

Aktiv ha`reket qiliw ken’islikte orientir aliwdin’ zaru’r komponenti, sebebi insan ken’islikte «orinnin’ birinshi tochkasinan ekinshi tochkasina ha`reket qilip, tabisli o’tkeriwdi a’melge asiriw ushin» ken’islikte orientir

---

[2] N.U.Bikbaeva, Z.I.Ibrohimova, X.I.Qosimova «Maktabgacha yoshdagi bolalarda matematik tasavvurlarni shakllantirish» T.1995 y.

aliw ha`r dayim to’mendegi u’sh tapsirmag’a baylanisli: ha`reket (bag’dari)n tan’law:og’an a’mel etiw; (bag’dardi saqlaw); ha`reket aqirinda maqset (nishandi) aniqlaw. Bunday ha`reketlerdin’ o’z-ara muwapıqlıg’ı ha’m ha`r qanday ken’islik aniq orientir alg’anlig’ı a`hmiyetli komponentler ha’m sonin’ menen birge insannin’ ken’islikte orientir aliwin iyelewdin’ ko’rsetkishi ekenligi bolip ko’rinedi.

Solay etip, «ken’islikte mo’ljel aliw» belgisi ken’ ma`nide de, tar ma`nide de qollaniladi. Har tu’rli jas basqishinda balalar menen islesiwdin’ mazmuni ha’m metodikalarinin’ tiykarg’ı bag’darlarin qaraymiz.

«Balalar baqshasinda ta’lim-tarbiya dastu’ri»nin’ «Ken’islikte mo`ljel aliw» bo’limi ekinshi kishi jastan baslap berilgen. Biraq balalarda ken’islik oylaw ha’m elementar tu’siniklerdi rawajlandiriw boyinsha maqsetke muwapiq isti, bizin’ pikirimizshe daslepki jastan-aq baslaw kerek. U’sh jasqa shekemgi bolg’an balalarda do’gerek-atirapta (u’y sharayati, topar xanasi, buyimlardin’ oyinshiqlardin’ a’dettegi jaylasiwlarinda ) ju’da u’lken qizig’iwshiliq penen orientir aliw boyinsha ha`r qiyli tajiriybe toplaw da`wiri bolip tabiladi. Sonin’ ushinda u’lken adam menen balani xanalardin’ (topar xanasi, uyqlaytug’in bo’lme, juwinatug’in bo’lme, hajetxana) buyimlardin’, na`rselerdin’, oyinshiqlardin’ ken’islik jaylasiwlari boyinsha erkin orientir aliwg’a u’yretiw kerek.[3]

Balalar o’mirinin’ ekinshi jili baslaniwinan-aq, tanis ken’islikti (xana yaki onin’ bo’lmesin) birqansha aniq tu’sine baslaydi, tanis buyimlardin’ jaylasiwindag’ı ayirim o’zgerislerdi heshbir qiynalmay payqaydi. Eki jasinan-aq balalarda tanis shegaralanga’n ken’islikte ha`reket qiliw joli haqqinda da`slepki elementar tu’sinikler quram taba baslaydi, bul tu’sinikler o’mir iskerliginde quramalasadi.

Balalardin’ da`slepki ken’islik tu’sinikleri olar o’mirinin’ ekinshi jillarindayaq so’ylewinde sawlelene baslaydi (mine bul jerde, onda, bunda).

[3] N.U.Bikbaeva, Z.I.Ibrohimova, X.I.Qosimova «Maktabgacha yoshdagi bolalarda matematik tasavvurlarni shakllantirish» T.1995 y.

Bunin' u'stine so'zler ha`reket bag'darin yaki qizig'iwshiliqlarinin' u'stine so'zler ha`reketi bag'darlarin yaki qiziqtiriwshi buyimdi ko'rsetiwshi ima-isharalar menen baqlaydi. Bul jasta balalar «o'zine» yaki basqag'a qarag'anda orientir aliwdi iyeley baslaydi. U'lkenlerdin' usinisina ko're, qiwirshaqtin' awzi, ko'zler, miyig'ı, beti qay jerdeligin minnetdarshilliq penen ko'rsetedi. U'sh jasqa qa`dem qoyg'an balalar ma`selen, on' ha'm shep qollarin parqlay baslaydi.Bunda u'lken adamnin' waziypasi balanin' usi tajiriybelerdi iyelep aliwina ja'rdem beriwden ibarat.

Dastu'rdin' tiykarg'ı waziypasi «kishkentaydi o'zine» mo'ljel aliwdi u'yretiwden ibarat, basqasha aytqanda, kishkentay o'zine qarag'anda «on' shep, joqari, to'men» ha`m basqalardi ajirata alatug'in boliwi kerek. O'z denesine qarag'anda ken'islikte ta`repler boyinsha orientir aliw ha'm bul orientir aliwdin' birinshi uliwmalastirilg'an usili. «O'zine» ha'm o'zinen «o'zge»ge qarag'anda orientir aliwdi «on'di-shepti» parqlaw en' ko`p qiyinshiliq tuwdiradi. Mine sonin' ushinda bala aldin o'z qollarin parqlawg'a u'yretiledi. Dastu'rdin' bul waziypasi u'stinde islew keyingi jas toparinda da dawam ettiriledi.

Balanin' o'zine qarag'anda orientir aliwi dastu'rdin' jan'a waziypasina- basqa adamg'a, buyimlarg'a bolg'an orientir aliwdi u'yretiw waziypasina - o'tiw ushin zaru'r tiykar boladi. Biraq basqa adamg'a bolg'an mo'ljel aliw tek o'z gewdesi sxemasin bilgende g'ana mu'mkin boladi. Bala qiyalinda bul sxemani basqa ob`ektlerge qarag'anda ko'shiredi ha'm uqsasliq boyinsha oni basqa adamnan ha'm buyimlardan ajiratadi. Ma`selen balalar oyinshiqlarg'a qarasadi, olar menen aktiv ha`reket qiladi. Sa`wbet dawaminda ta`rbiyashi balalar itibarin xarakterli detallarg'a qaratadi. Ma'selen mashina baqlanip atirg`an bolsin: aldinda kabina, artinda kuzov, pa`ste alding'ı ha'm keyingi do'ngelekler. Buyimlar su'wretlengen qirqpa su'wretler, kubshalar o'zbetinshe ra`wishte detallardan (bo'limlerden) pu'tindi tiklew imkaniyatin beredi, yag'niy ob`ektte ken'islik buyimlardin' (u'stinde-astinda, joqarisinda-pa`sinde, aldinda-arqasinda, bir ta`repi-qasinda ha'm ekinshi ta`repinen)

o’zlestiriw imkaniyatin beredi. Balalar ele ob`ekttin’ on’ ha’m shep ta`replerin parqlay almaydi; bul quramali ta`jiriybe ha`m oni mektepke shekemgi jastag’ı toparlarda u’lken jastag’ilar o’zlestiredi. Kishi toparda buyimnin’ ken’islik xarakteristikasin tu’siniw bo’limi o’zlestiriledi. Ol jag’dayda dep soraladi, balalardin’ buyimlarg’a basqa adamg’a qarag’anda orientir aliwdi u’yretiw za`ru’rme? «O’zine» bolg’an orientir aliwdin’ o’zi jeterli boliwi mu’mkinbe? Do’gerek-atirapimiz, yag’niy atirapimizdag’ı ken’islik, adamlar ha`r qiyli buyimlar toplami tig’ilip jatir. Mine sol ken’islikte orientir aliw olardin’ ha`r tu’rli parametrlerin, sonin’ ishinde, «aldinan», «arqasinan», «qasinan», «u’stinen», «astinan», keyinirek buyimnin’ «shep» yaki «on’» ta`repi siyaqli parametrlerin esapqa aliw ma`jburiyatin ju’kleydi. Aldin o’zine, son’ basqa adamg’a, buyimlarg’a qarag’anda qarama-qarsi ta`replerin ajiratiw, birinshiden, perspektivte balanin’ tek «o’zine» bolg’anda g’ana emes, ba`lkim basqa ob`ektlerge, basqa adamg’a qarag’anda orientir aliw ta`jiriybesin iyelewin ta`miynleydi. Ekinshiden, ol bilim ha’m ta`jiriybeler buyimlar arasindag’ı ken’islik mu’na`sibetlerin bilip aliw ushin zaru’r. Biz bul mu’na`sibetler haqqinda olardin’ ta`replerine-alding’ı (ju’zine), qasina, joqari (u’stki) ha’m t.b ta`replerge mas keliwlerine qarap, piker ju’ritemiz. Aqirinda, u’shinshiden, ha`tteki birqansha shegaralang’an ken’islik shegaralarinda ha’m (topar xanasi, yaki xananin’ bir bo’limi, stoldin’ u’sti, qag’az beti h.t.b) orientir aliwdin’ tiykarg’I bag’darlarin biliwdi na`zerde tutadi. Bul jan’a dastu’riy waziypa. Bul toliq o’zlestirilgennen keyin g’ana oni pu’tkil jumis mazmunindag’ı tiykarg’ı waziypa dep ataw mu’mkin.[4]

Mektepke shekemgi kishi jastag’ı balalar bag’darlardin’ tiykarg’ı toparlarin parqlawg’a (aldig’a-arqag’a, joqarig’a-to’menge, on’g’a-shepke) u’yretiledi. Bala bul bag’darlardi o’z denesinin’ ta`replerin bilgenligi tiykarinda o’zlestitiledi. Balajanlar, bug’an ku’ndelik turmis iskerliginde u’yretiledi. Misali, juwiniw, kiyiniw protsessinde ta`rbiyashi balalardin’ dene bo’limlerin aytip, on’ ha’m shep qoldi parqlawg’a uyretedi; tu’slik waqtinda qasiqti on’ qolda

[4] M.E.Jumaev «Bolalarda matematik tushunchalarni rivojlantirish nazariyasi va metodikasi» T.2011

uslawdi, shep qolda bolsa bir bo’lek nandi uslawdi u’yretedi, balalarg’a shep qulag’ı, on’ qulag’ı, shep ayag’ı, on’ ayag’ı qay jerde jaylasqanin ko’rsetiwin usinadi; shep ayaq, shep ko’z, shep qulaq, shep qol jaylasqan ta`repte, on’ ayaq, on’ ko’z, on’ qol ta`repte jaylasqanlig’in tu’sindiredi.

## I.2.Balalarda ken`islikte mo`ljel aliwg`a u`yretiwdin` mazmuni

«Ken’islikte mo`ljel aliw» boyinsha jumis alip bariw ha’m islew bir neshe bag’darda o’tkeriledi. En’ aldin a’meliy ta`jiriybe qa`liplestiriledi. Balalar bul jasta bir qansha mustaqil bolip qaladi, oyinshiqlar saqlanatug’in jerdi biledi, ornatilg’an ta`rtipke a’mel qiladi. Orta toparda olar na`wbetshilik waziyplarin a’melge asiradi, oqiw jilinin’ ekinshi yariminan baslap bolsa, materialdi shinig’iwg’a tayarlw u’yretiledi. Na`wbetshiler waziypalarin orinlaw stoldag’ı idislardi, oqiw qurallarinin’ ken’islikte jaylasiw ornin aniqlawdan, o’zlestiriwden ibarat. Balalar endi imaratta ha’m balalar baqshasi ushastkasinda erkin orienitr aladi. Ma’selen, basqa toparlar, muzika zali, shipaker xanasi qay jerde jaylasqanin olarg’a qanday bariliwin biledi. Bulardin’ barlig’in a`tirapti orap alg’an ken’islikti u’lken qizig’iwshiliq penen orientir aliwdi bildiredi. Pedagogikaliq jumistin’ bul bag’dari keyingi jas toparlarinda tiykarinan balalar menen ku’ndelik sa`wbetlerde, yag’niy oqiwdan tisqari waqitta da ken’ a’melge asiriladi.

Orta toparda oqiw iskerligin sho’lkemlestiriw protsessinde tarbiyashi basqa ma`selelerdi de sheship aladi:

1) ken’islik haqqindag’ı da`slepki tusiniklerdi bekkemleydi, olardi ken’eyttiredi ha’m teren’lestiredi, jan’a mag’liwmatlar beredi;

2) aling’an bilimlerdi oyinlarda, dastu’rdin’ basqa bo’limlerine bag’ishlang’an shinig’iwlarda ha`r qiyli o’mirlik situastsiyalarda qollawg’a u’yretedi. Balalar baqshasi ta’lim-tarbiya dastu’rinin’ «ken’islikte mo`ljel aliw» bo’limine ta’n ra`wishte tarbiyashi balalarg’a o’zine bolg’an bag’darin aniqlawdi, berilgen bag’darda ha`reket qiliwdi (aldig’a – arqag’a, joqarig’a-pa`ske, on’g’a-shepke), o’zine qarag’anda buyimlardin’ jag’dayin so’zler menen tu’sindiredi.

Biraq aldin balag’a qarama-qarsi bag’darda turg’an, yag’niy aldinda-arqasinda, on’da-shepte turg’an 1-2 oyinshiqti, buyimlar jaylasiwin aniqlawg’a ta’n tapsirmalar beriledi. Oyinshiqlar yaki sani a`ste-aqirin 4ke jetkeriledi. Da`slepki waqitlarda buyimlardi baladan onsha uzaq bolmag’an araliqta (onin’ qarsisina) jaylastirg’an maqul. Keyinshelik araliqti u’lkenirek qilip bariw kerek. Tarbiyashinin’ tapsirmasina ko’re, bala xananin’ ma`lim bir

jerinde turadi ha’m o’z aldina, shebinde ha’m on`inda qanday buyimlardin’ turg’anin aytadi. Sonnan keyin tarbiyashi baladan on’da (shepte) turiliwin ha’m ja`ne qanday buyimlar on`da, qaysi bag’darda turg’anlig’in aytiwdi soraydi. Ken’islikte («tapshi bunda ne bar?», «bilin’ qa’ne?, ne o’zgeripti» tipdegi) orientir aliwg’a baylanisli shinig’iwlar oyin xarakterine iye boliwi kerek.

Balalarg’a berilgen bag’darda ha`reket qiliw ta`jiriybesin ta`rbiyalaw maqsetinde «qay jerge barsan’ soni tabasan’», «buyimdi tap», «bayraqshani tap», siyaqli didaktikaliq oyinlardan paydalaniw mu’mkin. Balalar oyin-tapsirmalardi orinlawda tiykarinan ken’islik bag’darlarin parqlawdi ha’m belgilewdi u’yrenedi. Ma`selen, ta’rbiyashi balalar joq waqtinda oyinshiqlardi xananin’ bir shetine (su’wrettin artina, gilemnin’ astina h.t.b) jasiradi. Oyin baslaniwinan aldin ta`rbiyashi balalarg’a jasirip qoyilg’an oyinshiqlardi tabiwin aytadi. Sonnan keyin ol balalardi gezek penen stoldin’ qasina shaqiradi, oyinshiqti basqa bag’darda qidiriw kerekligin aytadi. Izlewdi baslawdan aldin bala qanday oyinshiq ha’m qaysi bag’darlardi ta`kirarlaw kerekligine ayriqsha itibar beredi.

Jumistin’ mazmuni aniq ha’m iqsham belgilengen boliwi kerek. Bes jasqa qa`dem qoyg’an balalar ken’islik bag’darlarin parqlawdi ga’na emes, og’an a’mel qiliwlari kerek. «Dastu’rde» balalardi berilgen bag’darda ha`reket qiliwg’a u’yretiw kerekligi aytip o’tiledi. Solay etip, bilimler balalar ta`jiriybesinde sa`wleleniwi, tiykarg’i bag’darlardi esapqa alg’an jag’dayda orientir aliw ta`jiriybeleri seziliwi kerek. Bul jan’a ma`sele. Mine sonin’ ushinda oqiw-oyin tapsirmalarinin’ orinlaniw tezligi da`slep aste boladi. Sebebi bala berilgen bagdardi aniqlawdan aldin, eki usinistan birin tan’lap aliwi ushin («qay jerge barasan ?, ne tabasan’?» dep ataliwshi belgili oyin u’lgisinde) aldin oylap aliniwi kerek.

Dastu’rge muwapiq orta toparda balalar ko’birek ken’islikte o’zlerinen orientir aliwlari kerek, ken’islikte buyimlardin’ «o’zine qarag’anda» jaylasqanlig’in elementar tu’sinik qiliwlari kerek.[5] Bul mazmun elementar

[5] «Balajan» N. Bilim. 2013

matematik tu’siniklerdi qa`liplestiriwge bag’ishlang’an didaktikaliq qurallar, didaktikaliq oyinlar, qiziqli shinig’iwlar, «Ne o’zgeripti?» tipindegi shinig’iwlar ja`rdeminde ju’zege shig’adi. Oyinshi aldinda turg’an waziypa oyinshiqlardin’ orinlari o’zgertilmesten ha’m o’zgertilgennen keyingi jaylasiwlarin tabiwdan ibarat. Soni aniqlaw kerek, ol qanday ren’de, ol qay jerde jaylasqan, baladan baslang’an joldin’ aqirindama, balanin’ aldindama, arqasindama, on’indama, yaki shebindeme, u’yge baratirg’anda jolda qanday oyinshiqlar ushiraydi, olardin’ qaysilari balalarg`a yaki u’yge jaqin (uzaq) jaylasqan h.t.b A`tiraptag’i buyimlardin’ ken’islik xarakteristikalarin tu’siniwleri, onin’ ken’islikte jeke jaylasiwina baylanislilig’i a`ste-aqirin mine usinday aydinlastiriladi. Bunday oyinshiqlar real buyimli atirapti ayriqsha buyimlar jayalasiwinin’ ken’islik xarakteristikasi menen birgelikte qabil etiwge tayarlaydi. Bul jastag’i balalar endi ken’islik tu’siniklerdi mustaqil paydalana aliwlari kerek: birinshi na`wbette bag’darlarin, o’z gewdelerine qarag’andag’i ta`replerdi, buyimlardin’ ken’islikte jaylasiwinin’ ayirim variantlarin belgiley aliwlari kerek. Soni aytip o’tiwimiz kerek, so’zlik u’stinde islew tuwridan-tuwri qabil etiw tiykarinda elementar bilimler ha’m ken’islikte orientir aliw ta`jiriybelerin iyelew menen birgelikte alip bariladi.

Sog’an qaramay, ku’ndelikli o’mir, ta`jiriybesinde (azang’i dene shiniqtiriwdin’ barisinda) balalar ken’islikte mo’ljel aliwdin’ qosimsha tajiriybelerin ha’m bilimlerin iyeleydi.O’mirlik ta`jiriybe balani tek o’zinde emes, ba`lkim basqa baladan, buyimlardan mo’ljel aliwga bag’darlaydi. Sonday ta`jiriybenin’ toplaniwi ahmiyetli. G’arezsizlikte bul tajiriybe ”buyimlardan” maqsetke bag’darlang’an mo’ljel aliwg’a u’yretiw ushin tiykar boladi.

Orta toparda gorizontal tegislikte mo’ljel aliw tajiriybesi de ra`n’-ba`ren’ bolip tabiladi .Su’wret saliw shinig’iwlarinda, elementar matemetik tu’siniklerdi rawajlandiriw shinig’ilwrinda da «jup su’wretler» siyqali arnawli didaktikaliq oyinlardin’ barisinda oyinlardin` mo’ljel aliwda oyin variantlari ha`r tu’rli boladi: su’wretlengen buyimlardin’ ken’islikte jaylasiwi belgisinen paydalanip, jup kartochkalardi, yaki kerekli kartochkani su’wret boyinsha

tabiw; kartochkada su’wretlengen buyimlardin’ ken’islikte jaylasiwlari haqqinda o’zbetinshe so’ylep beriw; qanday buyimlar su’wretlengen ha’m olar qanday jaylastirilg’ani, yag’niy joqarida, pa`ste, ortada, on’da, shepte, jaylasqanlig’i haqqinda sorawlarg’a juwap beriw.

Tarbiyashi kishi toparda qiling’aninday aldin balalarg’a itibarin balalar arasindag’i ken’islik mu’na`sibetine qaratadi. «Ne o’zgeredi» oyininda ko’p sandag’i (4-6) buyimlardi ha’m olardin’ ken’isliktegi variantlarinan paydalamiwimiz mu’mkin. To’rt jasli balalarda «jasirinbashaq» oyinin minnetdarshiliq penen ha’m yoshlanip oynaydi. Olar oyinshiqlardi jasiradi ha’m qidirip tabadi, oni qay jerden tawip alg’anliqlarin aytip beredi. Ha’m aqirinda, ta`rbiyashi balalarg’a «o’zine» ha’m basqalarg’a, buyimg’a bolg’an mo’ljel aliwdi u’yreniwdi dawam etttiredi. Jumistin’ na`tiyjesi jup-qarama qarsi ta`jiriybelerin iyelewden ibarat. Bul ta`repler joqarig’a-pa`ske, aldinan-arqasinan, bir ta`repten-ekinshi ta`repten. Qarsi ta`replerdi («shep ha’m on’») parqlaw aldindag’iday, eki jag’day on’g’a ha’m o’zinen mo’ljel aliw menen sheklenedi.

Keyingi jillarda izertlewler soni ko’rsetedi, to’rt jasli balada sxemalastirilg’an obrazdi qa`liplestiriw mu’mkin, bul obrazdan paydalaniw onin’ ken’islikti iyelewine jol ashadi. Eger bala mo’ljel aliwlardi (mo’ljellerdi) ajiratiwdi ha’m berilgen elementti ken’islik maydaninda tayarlaw maqsetinde olardin’ arasindag’i baylanislardi ornata aliwdi iyelep alsa, ol ja’dayda ta`jiriybe qa`liplesedi.

Izertlewshiler R.Govorkova ha’m O.Dyashenko o’tkergen tajiriybeni mine usinday klassifikaciyalaydi. Balanin’ aldindag’i stolda kvadrat formadag’i karton ramka turipti. Ramkanin’ ha`r qaysi ta`repine ha`r tu’rli buyimlar (bayraqshlar, juldizshalar, matryoshkalar, gu’ller)di su’wretlewshi besten artiq su’wret japistirilg’an. Bul ramkag’a taza qag’az ramkasi qoyilg’an bolip, og’an ta`rbiyashi maslap shen’ber sizadi. Balag’a bul shen’berdin’ jaylasqan ornin eslep qaliw usiniladi. Sonnan keyin bul qag’az ramkadan shig’arip alinadi, og’an bala eksperimentator sizg’an jerge

shen’bershe siziwi kerek edi. Tapsirmanin’ qanday orinlaniwin eksperimentator su’wret sizg’an qag’az benen bala su’wret sizg’an qag’azdi bir-birinin’ u’stine qoyiw arqali tekseredi.Bala tapsirmani duris orinlag’an bolsa, ol sizg’an shen’bershe menen eksperimentator sizg’an shen’bershe bir-birinin’ u’stine tu’sedi. Solay etip ta`rbiyashi balanin` is-ha`reketin baqlap baradi.

## I.3.Balalarg`a bag`dar boyinsha ha`reket etiwdi u`yretiw

Mektepke shekemgi tarbiya jasindag’i balalardin’ ken’islik haqqindag`i tu’sinikleri iskerliginin’ barliq tu’rdegi protsessinde ken’eyedi ha’m bekkemlenedi. Shinig’iwlar quramina ken’islikte mo’ljel aliwg’a ta`n arnawli shinig’iwlardin’ kirgiziliwi de bug’an imkaniyat beredi. Ma’selen ta`rbiyashi balalarg’a shepte en’ ba`lent, on’da en’ pa`s buyim turatug’in, buyimlardin’ u’lkenlikleri boyinsha japistiriwin usinadi, yaki onin’ o’zi stolg’a oyinshiqlardi (iyt, pishiq, siyir, qoy, qoyan) jaylastiradi ha’m balalarg’a mura`ja`t qiladi: «siyirdin’ qasinda ne turg’anina qaran’ ha’m aytin’. Pishiqtan shepte ne turipti?, ne birinshi ketip baratir, neden keyin ne ketip baratir?».

Balalar atiraptag’i buyimlar arasinan o’z jag’daylarin aniqlaytug’in shinig’iwlar da na`tiyjeli bolip tabiladi: «stoldin’ arqasinda turman, stoldin’ qasinda, a`ynektin’ aldinda turippan». U’lken toparlarda mektepke shekemgi jastag’i balalar qag’az betinde mo’ljel aliwg’a u’yretile baslaydi.Alding’i toparlardin’ dastu’rlerinde bunday waziypa joq edi. Ta`rbiyashi basshilig’inda balalar ma’lim mug’darda buyimlardin’ ko’rsetilgen bag’darda: qag’az betinin’ joqarg’i paski bo’liminde, on’ bo’limine jaylastiriw tajiriybelerin iyeleydi.Bunday tapsirmalarda boliwi mu’mkin: bettin’ shep bo’limine bes hsne’ber; on’ina bolsa 1artiq shen’bershe qoy; bettin’ paski ha’m u’stki bo’limlerine 8 danadan u’shmu’yesh jaylastir.Tapsirmani orinlag’annan keyin bala qanday figuralardin’ neshewin jaylastirg’anin ha’m qay jerlerge jaylastirg’anin so’ylep beredi. Balalardi buyimlardin’ qag’az betindegi, stoldag’i, poldag’i jag’dayin belgilew ushin so’zlerdi duris, manisi boyinsha isletiwge u’yretiw kerek.Jil aqirina kelip balalr o’zlerine, basqa adamlarg’a qarag’anda ornin so’zler menen belgileytug’in boliwlari kerek.

Belgilengen qag’iydani tarbiyashi aship beriwge ha’m toltiriwg’a ha`reket qiladi. U’lken toparlarda en’ aldin tiykarg’i toparlardi esapqa alg’an jag’dayda ken’islikte tez mo’ljel aliw tajiribesin g`a`rezsiz rawajlaniwin ta`miynlewi kerek. Tapsirmalar xarakteri barg’an sayin quramalasip baradi. Orinlaw tezligi artadi. Ta`rbiyashi «bayraqshani tap», «paketti tap», «razvedkashilar» siyaqli didaktikaliq oyinlarda bir yaki eki bag’dardi birinin’

izinen birin izbe-iz tabiwg’a emes, ba`lkim birden g’ana birneshe (beske shekemgi) bag’dardi tabiwdi usinis etiwi mu’mkin, ma`selen, «Ma`jnu`ntal teregine shekem tuwri bar: on’g’a burilip, bes qa`dem ju’r, shepke burilip, ja`ne u’sh qa`dem ju’r, arqag’a buril (aylan)». Ju’riw, ju’giriw dene ta`rbiya ha’m muzika shinig’iwlarinda, ha`reketli oyinlarda, dene ta`rbiya minutlarinda ha’m azang’i gimnastikada ha`reket bag’darlarin tez o’zgertiw siyaqli shinig’iwlardan ken’ paydalaniladi. Ken’islikte mo’ljel aliw shinig’iwlari balalarda jol ha`reketi qag’iydalari haqqindag’i bilimlerin qa`liplestiriw jumisi mazmuninada kiredi. U’lken toparda ken’islikte tez mo’ljel aliw tajiriybeside ren’-baren’ bolip onda: «ko’z baylaw» oyinlari ju’da quramali tapsirma-nishang’a shekem baylang’an ko’zler menen bariw talap etiledi «tayshaqqa jem ber», «barabanga taq-taq uriw», «joqarida», «paste», «aldinda», «arqasinda», «arasinda», barliq waqitta diqqat orayinda turiwi kerek.

Bizlerge ma`lim bolg`aninday, balalar buyimlar arasindag’i ken’islik mu’na`sibetlerdi parqlawdin’ da`slepki ta`jiriybesin kishi ha’m orta toparda alg’an. U’lken toparda bul bilimlerdi ken’eytiriw, sistemalastiriw ma`selesi, balalardi oyin materilalarinda g’ana mo’ljel aliwg’a g’ana emes, ba`lkim a`tiraptag’i real sharayattta da mo’ljel aliwg’a u’yretiw waziypasi qoyiladi. Mine sonin’ ushin da bul jas toparinda bunday tapsirmalardan paydalaniw maqul, ol yaki bul buyim qay jerde ha`mde ol basqa buyimlarg’a qarag’anda qanday jaylasqan? Ma`selen qurilis materiallari qoyilg’an shkaf esikten shep ta’repte turipti, esik penen shkaf arasina su’wret asip qoyilg’an; kitap mu’yeshi shkaf qarsisinda aynalar arasinda jaylastirilg’an h.t.b. Arnawli didakttikaliq oyinlarda («Quwirshaqqa mebellerdi orni ornina qoyiwg’a ja`rdem berin’, ne qayjerde turipti» h.t.b.) real buyim ortalig’inin’ bunday ken’islik - awizeki klassifujatsiyalari ha’m tegislikke mo’ljel aliw siyaqli bes jasli balalarg’a toliq mas keledi.

Mektepke shekemgi jasqa shekemgi balalarda tegislikke mo’ljel aliwg’a ta’n bilim ha’m tajiriybelerdin’ ma`lim mu’g`dardag’i ta`jiriybesi toplanadi. Balalar bet tegisligindegi onin’ ortasin, mu’yeshlerin shetlrin yaki tegislikti

shegaralawshi ta`replerden biyma`lel ajirata aladi: bettin' u'stki yaki astqi (joqari ha'm to'mengi) shep ha'm on' ta`replerinen ajirata aladi.

Mektepke shekemgi tayarlaw topari balalardin' ha`reket bag'darinda olardin' o'zi ha'm buyimlar arasindag'ı, buyimlardin' o'zi arasindag'ı ken'islik mu'na`sibetlerde, sonday-aq, qag'az betinde (tegislikte) mo'ljel aliw ta`jiriybeleri rawajlandiriladi ha'm bekkemlenedi. Balalar menen islew metodikasi «shepten-on'nan», «u'stinde-astinda», siyaqli qarama-qarsi bag'darlardi ajiratiwg'a tiykarlaniwi kerek. Balada qag'az betinde mo'ljel aliw ta`jiriybelerin qa`liplestiriw ushin to'mendegishe tapsirma beriledi: qag'azdin' joqari bo'limine 4 bet ha'm to'mengi bo'lime sonsha mug'darda gu'l qoyiw. Sonnan keyin ta`rbiyashi balalarg'a ne qay jerde jaylasqanlig'in aytip beriwdi usiniwi mu'mkin. Bunnan son' tapsirmalardin' quramaliraq variantlarinan (figuralar mu'gdarin arttiriw, olar orinlarin almastiriw h.t.b) paydalaniw maqsetke muwapiq. Sonday-aq, «kim eslep qaladi?», «Ne o'zgerdi?», «Neler menen parq qiladi?», «Jup kartoshkalar» siyaqli oyinlardi o'tkeriw usiniladi.

6 jasli balalar on' ha'm shep ta`repi basqa adamlarg'a qarag'anda aniqlawdi aniq o'zine qarag'anda on' ha'm shep ta`repin aniqlag'anday aniqlawdi jaqsi tu'sinip aliwlari kerek (shep ta`rep on' qol turg'an ta`repte; on' ta`rep shep qol turg'an ta`repte). Aniqlawdin' na`tiyjeli usili qiyalinda dostisinin' arqasinda turiwdan ibarat. Solay etip; «ju'zi ha'm arqasina» da`slepki jag'dayinan yag'niy bala dostisinin' arqasinda turg'an jag'dayda basqa adamg'a qarag'anda on' ha'm shep ta`repin aniqlaw kerek; son' «ju'zbe - ju'z» jag'dayinda yag'niy basqa bala qasinda turip, «on' -shep»ti parqlaw kerek. Keyinirek bolsa ha`r qanday da`slepki jag'dayda ha`tteki dostisi arqasi menen turg'anda, «on'- shep» ta`repler aniqlanadi.

Tapsirmalardi na`tiyjeli orinlaw balalarda ken'islikte «buyimlardan» mo'ljel aliwdin', olardin' on' ha'm shep ta`replerin aniqlaw ta`jiriybesinin' quramali kompleksin rawajlandiriw imkanin beredi. Biraq mektepke shekemgi ta`rbiya ma`kemelerinin' jumis ta`jiriybesinde bug'an jeterlishe itibar berilmeydi. Ko'binshe metodikaliq qa`telerde ushiraydi. En' ko'p tarqalg'an

qa`te: balag’a, misali, on’ ta`repke u’yrekti, sho’jeni bolsa matryoshkadan (quwirshaqtan, ayiwdan) shep ta`repke qoyiw usiniladi. Uliwma «o’zinen» mo’ljel alip, u’yrekti matryoshkadan on’g’a emes, shepke qoyadi, sho’jeni bolsa matryoshkanin’ shep ta`repine qoyadi, «o’zinen» mo’ljel aliwg’a qarag’anda tapsirma tuwri orinlang’an, buyimg’a qarag’anda bolsa, naduris (qa`te) orinlang’an. Sog’an qaramay ta`rbiyashi na`tiyjeden minnetdar boladi. Ta`rbiayshi bala bul jag’dayda “buyimnan” mo’ljel aladi, dep oylaydi, tiykarinda bolsa ekewide balada ta`rbiyashida qa`tege jol qoyadi.

Solay etip, alti jasli balalar menen orinlanatug’in jumis mazmunindag’ı buynday tapsirmalarda to’mendegilerdi pikirlewge u’yretiwdi dawam ettiriw:

-Basqa adam, oyinshiqlar, buyimlar ha’m olardin’ on’ ha’m shep ta`repi;

- ha`r qanday buyimnan adam «on’g’a – shepke» bag’darlari boyinsha, o’zinen mo’ljel aliw belgilenedi.

«Buyimlardan» mo’ljel aliwg’a ta’n tapsirmalar barg’an sayin quramalastiriladi. Buyimlardin’ balag’a bolg’an jag’dayin, bazida bir ta`repten, bazida basqa ta`repten aylandirip o’zgertiw mu’mkin. Ha`reketlenip atirg’an ob`ekt (oyinshiq mashina, tayshaq, velosiped)ke qarag’anda («on’g’a - shepke») bag’darlarin aniqlaw mu’mkin. Bulardin’ ha`mmesi gap-so’zsiz, ken’islik jag’daydi o’zgerttiredi, sebebi ha`reket qilip atirg’an buyimda tayinlang’an sanaw basi tochkasi barliq waqitta o’zgerip turadi.

## I-bap boyinsha juwmaqlaw

I-bapti juwmaqlap, soni itibarg`a aliwmiz kerek, mektepke shekemgi jastag`i balalar kishkene waqtinan baslap qanshelli ken`islikte mo`ljel aliwdi u`yrense, sonshelli jaqsi jol ha`reketi qag`iydalarin u`yrenip aliwlarina imkan beredi. Bunda tiykarg’ı waziypalar sonnan ibarat bolip, balalardi «o’zine» mo’ljel aliwdi u’yretiwden ibarat, basqasha aytqanda, balalar o’zine qarag’anda «on’-shep, joqari-to’men» ha`m basqalardi ajirata alatug’in boliwi kerek. O’z denesine qarag’anda ken’islikte ta`repler boyinsha orientir aliw ha’m bul orientir aliwdin’ birinshi uliwmalastirilg’an usili. «O’zine» ha’m o’zinen «o’zge»ge qarag’anda orientir aliwdi «on’di-shepti» parqlaw en’ ko`p qiyinshiliq tuwdiradi. Mine sonin’ ushinda bala aldin o’z qollarin parqlawg’a u’yretiledi. Ju’riw, ju’giriw dene ta`rbiya ha’m muzika shinig’iwlarinda, ha`reketli oyinlarda, dene ta`rbiya minutlarinda ha’m azang’i gimnastikada ha`reket bag’darlarin tez o’zgertiw siyaqli shinig’iwlardan ken’ paydalaniladi. Balalardi berilgen bag’darda ha`reket qiliwg’a u’yretiw kerekligi aytip o’tildi, solay etip, bilimler balalar ta`jiriybesinde sa`wleleniwi, tiykarg’i bag’darlardi esapqa alg’an jag’dayda orientir aliw ta`jiriybeleri seziliwi kerek. Mine sonin’ ushinda oqiw-oyin tapsirmalarinin’ orinlaniw tezligi da`slep aste boladi. Sebebi bala berilgen bagdardi aniqlawdan aldin, eki usinistan birin tan’lap aliwi ushin («qay jerge barasan ?, ne tabasan’?» dep ataliwshi belgili oyin u’lgisinde) aldin oylap aliniwi kerek. Dastu’rge muwapiq orta toparda balalar ko’birek ken’islikte o’zlerinen orientir aliwlari kerek, ken’islikte buyimlardin’ «o’zine qarag’anda» jaylasqanlig’in elementar tu’sinik qiliwlari kerek. Bul mazmun elementar matematik tu’siniklerdi qa`liplestiriwge bag’ishlang’an didaktikaliq qurallar, didaktikaliq oyinlar, qiziqli shinig’iwlar, «Ne o’zgeripti?» tipindegi shinig’iwlar ja`rdeminde ju’zege shig’adi. Ken’islikte mo’ljel aliw shinig’iwlari balalarda jol ha`reketi qag’iydalari haqqindag’i tu`siniklerdi qa`liplestiriw jumisi mazmunina kiredi.

## II-Bap. Mektepke shekemgi jastag`i balalarg`a ken`islik tu`sinikleri arqali jol ha`reketi qag`iydarin u`yretiw jollari

## II.1. Mektepke shekemgi jastag`ı balalarda jol ha`reketi qa`wipsizligi qag`ıydaları tu`siniklerinin` mazmuni ha`m a`hmiyeti

Jol ha`reketi qa`wipsizligi qag`ıydalarının` payda bolıwı tariyxına na`zer taslasaq, uzaq o`tmishte adamlar ko`shelerde atlarda, atlar jegilgen arbalarda ju`retug`ın bolg`an. Olar birinshi transport quralları bolip esaplang`an. Sol da`wirlerde jol ha`reketi qa`wipsizligi qag`ıydaları bolmawı sebepli o`z-ara qag`ısıwlar tez-tezden ushırasıp turg`an, sebebi qalalardag`ı ko`sheler og`ada tar bolg`an, jollar tegis ha`m du`ziw bolmag`an. Usının` na`tiyjesinde jol ha`reketin ta`rtipke salıwshı qag`ıydalardı islep shıg`ıw, ko`shelerde ha`m jollarda adamlar ha`m transport qurallarının` ha`reketin ta`rtipke salıw za`ru`rligi payda boladı.

En` da`slepki jol ha`reketi qag`ıydaları bunnan 2000 jıl burın imperator Tsezardın` hu`kimdarlıg`ı da`wirinde islep shıg`ılg`an.Bul qag`ıydalar qalalardın` ko`shelerindegi ha`reketti ta`rtipke salıwıg`a ja`rdem beretug`ın bolg`an. Olardın` ayrımları bu`gingi ku`nge shekem ha`rekette. Mısalı, sol da`wirlerden baslap ko`shede bir ta`repleme ha`reketleniwge ruxsat berilgen.

Rossiyada jol ha`reketi patshanın` pa`rmanı menen ta`rtipke salınatug`ın bolg`an. 1730-jılg`ı patsha Anna Ioannovnanın` pa`rmanında bılay jazılg`an: «Arbakeshler ha`m basqada at ko`liginde ju`retug`ınlar o`z atların tolın` ta`rtipke keltirgen halda qag`ıydalarg`a boysınıw arqalı ha`reket etiwge ruxsat beriledi. Egerde kimde-kim bul talaplarg`a boysınbasa-olarg`a du`rre tartılıw yamasa su`rginge jiberiliw jazası hu`kim etilsin». Al, imperatritsa Ekaterina II-nin` pa`rmanında bılay delingen: «Ko`shelerde arbakeshlerge baqırıwg`a, shawqım salıwg`a, ısqırıwg`a, sın`g`ırlawshı zatlardan paydalanıwg`a paydalanıw qadag`an etiledi».

XVIII a`sirdin` aqırında birinshi avtomobil`ler payda bola baslag`an. Olar og`ada a`ste ju`retug`ın bolg`an. Mısalı, Angliyada ha`r bir avtomobil`din` aldında qızıl bayraq yamasa qızıl shıraq (fonar`) ko`tergen adam aldınan shıqqan atlılar yamasa karetalardı eskertip barıwı lazım degen qag`ıyda engizilgen. Avtomobil`din` tezligi saatına 3 (u`sh) kilometrden aspawı lazım edi, sonday-aq

avtomobil` aydashılarına eskertiwshi signal beriw qadag`an etilgen. Demek, bul qag`ıydalarda to`mengiler belgilengen: ısqırma, qattı dem alma ha`m tasbaqa sıyaqlı ha`reketlen.

Degen menen avtomobil`ler sanı ko`beyip barg`an. 1893-jılı Frantsiyada avtomobilistler ushın da`slepki qag`ıydalar islep shıg`ılg`an. Da`slepki waqıtlarda ha`r bir ma`mlekette ha`r tu`rli qag`ıydalar a`melde bolg`an. Bul ko`p qolaysızlıqlardı keltrip shıg`arg`an.

1909-jılı Parijde o`tkerilgen xalıqaralıq konferentsiyada avtomobil` ha`rekti boyınsha Konventsiya islep shıg`ılıp qabıl etilgen. Konventsiyada barlıq ma`mleketler ushın birdey bolg`an qag`ıydalar ornatılg`an. Bul Konventsiyada jol belgilerinin` tu`rleri, aydawshılar ha`m piyadalardın` minnetleri belgilengen.

Ha`zirgi waqıtta ha`rekettegi jol ha`reketi qag`ıydaları bunnan 100 jılg`a shamalas burın islep shıg`ılg`an.

En` birinshi svetofor 1868-jılı 10-dekabr`de London qalasında Angliya (Britaniya) parlamenti qasında ornatılg`an. Onı temir jol semaforları boyınsha qa`niyge Dj.P.Nayt oylap tapqan. Svetofor qol ja`rdeminde basqarılatug`ın bolıp, eki semafor qanatlı bolg`an: qanatlardın` gorizontal jag`dayına ko`teriliwi «toqta» degen signaldı an`latatug`ın bolsa, olardın` 45 gradusqa tu`siriliwi «a`sten ha`reketlen» degen ma`nisti bildirgen. Tu`ngi waqıtlarda aylanatug`ın gaz shıraq(fonar`)tan paydalanatug`ın bolg`an (qızıl ha`m jasıl ren`lerdegi). Svetofordan piyadalardın` ko`shelerden keisip o`tiwine qolaylı bolıwı ushın paydalanılg`an, al onın` signalları transport qurallarına eskertiw sıpatında xızmet etken.

Da`slepki avtomatlastırılg`an svetoforlar siseması (adamnın` ta`sirisiz isleytug`ın) 1910-jılı Chikago qalası turg`ına Ernst Spirrin ta`repinen oyılap tabılıp, patentlengen. Spirrinnin` svetoforlarına «Stop» ha`m «Proceed» jazıwlarınan paydalanılmag`an.

Da`slepki elektr energiyası ja`rdeminde isleytug`ın svetofordın` oylap tabıwshısı Solt-Leyk-Siti qalası (AQSh, Yuta shtatı) turg`ını Lester Vayr

esaplanadı. Ol 1912-jılı eki ren`degi elektr signalı domalaq (shen`ber ta`rizindegi) svetofordı jaratqan (lekin o`z atına patent amag`an).

1914-jılı 5-avgust ku`ni Klivlend qalasının` (AQSh, Ogayo shtatı) 105-ko`she ha`m Evklid avenyusi kesispesinde  Amerika svetofor kompaniyası Djeyms Xog ta`repinen oylap tabılg`an to`rt elektr svetoforın ornattı. Olar qızıl ha`m jasıl signallarına iye bolıp sesler arqalı isleytug`ın bolg`an. Svetoforlar kesispede ornatılg`an arnawlı budkada otırg`an politsiyashı ta`repinen basqarılg`an. Svetoforlar ha`zirgi waqıtta AQShta ha`rekttegi jol ha`reketi qag`ıydaları boyınsha isleytug`ın bolg`an. Mısalı, on`g`a burılıw ha`reketleniwge kesent tuwdıratug`ın jag`daylar bolmasa qa`legen waqıtta a`melge asırılsa, solg`a burılıw tek g`ana jasıl shıraq jang`an waqıtta kesispenin` orayı a`tirapında a`melge asırılg`an.

1920-jılı sarı ren`nen paydalanıw arqalı u`sh ren`li svetoforlar Detroyt (AQSh, Michigan shtatı) ha`m N`yu-York qalalarında payda bolg`an (avtorları Uil`yam Potts ha`m Djon F.Xarris).

Mektepke shekemgi jastag`ı balalardı ta`rbiyalawdag`ı en` a`hmiyetli ma`selelerdin` biri –bul balanı o`zinin` jeke qa`wipsizligin ta`miyinlew protsessine tayarlap barıw (o`zin-o`zi saqlawg`a)  ha`m u`yretiw bolıp esaplanadı.

Balag`a jol ha`reketi qa`wipsizligi qag`ıydaların erte jastan u`yretip barıw, onda ko`shede ha`m jolda o`zin tutıp biliw ko`nlikpelerin payda etiw ha`zirgi ku`nnin` en` a`hmiyetli ma`selelerinin` biri bolıp tabılmaqta, sebebi balada qansha erte bul ko`nlikpeler payda bolsa jolda baxıtsız ha`diyseler kem ushırasadı.

Mektepke shekemgi bilimlendiriw ma`kemelerinin` kishi toparlarınan baslap jol ha`reketi qa`wipsizligi qag`ıydaların u`yretip barıw maqsetke muwapıq bolıp esaplanadı, sebebi kishi jastan baslap bul qag`ıydalar u`yretilip barılsa balanın` sanasında jaqsı qa`liplesedi ha`mde uzaq jıllar dawamında yadında saqlanıp qaladı.

Mektepke shekemgi jastag`ı balalarda jol ha`reketi qa`wipsizligi qag`ıydaların u`yretip barıw onda ko`shede ha`m jolda o`zin ta`rtipli uslawg`a u`yretedi. Sonın` menen birge balada og`ada a`hmiyetli orın tutatug`ın dıqqat, o`zine bolg`an talapshan`lıq, juwapkershilik ha`m sergeklik sıyaqlı qa`sietler qa`liplestirilmese ta`rtipli piyadanı ta`rbiyalaw og`ada qıyın bolıp esaplanadı. Sebebi ko`pshilik

jag`daylarda shaxsta joqarıda atap o`tilgen paziyletlerdin` bolmawı baxıtsız ha`diyselerdin` kelip shıg`ıwına tu`rtki bolmaqta. Mektepke shekemgi jastag`ı balalardı ko`shede o`zlerin ta`rtipli uslawg`a u`yretip barıw sistemalı tu`rde u`zliksiz a`melge asırıw lazım bolıp tabıladı. Bul bag`darda balalarg`a beriletug`ın bilimler izbe-izlik penen quramalastırılıp barıladı.

Balalarg`a jol ha`reketi qag`ıydalarının` teoriyaların u`yretip barıw a`meliy shınıg`ıwlar ja`rdeminde bekkemlep barılsa maqsetke muwapıq boladı.Balalarg`a jol ha`reketi qag`iydalarin u`yretiw boyinsha jumis bag`darina to`mendegiler kiredi: tikkeley bilimlendiriw xizmeti, ta`rbiyashi ha`m balalardin` birge islesiwi, balalardin` o`zbetinshe iskerligi(su`wret 1.1.) A`meliy shınıg`ıwlardın` tu`rlerinen oyın shınıg`ıwları en` paydalı bolıp esaplanadı. Shınıg`ıwlar, sayaxatlar, ekskursiyalar ha`m baqlawlardı o`tkeriw barısında balalardın` jas o`zgeshelikleri ha`m qorshap turg`an ortalıqtag`ı sharayatlar esapqa alınıwı lazım.

Ekinshi kishi toparda shınıg`ıwlar balalardı qorshap turg`an ortalıq penen tanıstırıw, predmetlerdi salıstırıw, olardın` arasındag`ı parıqtı ayırıw, transporttın` formaları, tu`rleri ha`m ren`lerin ayırıwdı u`yretiwden baslanadı.

Mısalı:

1. Ju`k tasıwshı mashina (avtomobil`) menen tanısıw.

2. Avtobus penen tanısıw

3. «Qızıl ha`m jasıl» oyının o`tkeriw

4. Ko`she menen tanısıw h.t.b.

Orta topar balaların joldan kesip o`tiwdi u`yretiw, «kesispe» ha`m «maydan» terminlerin biliwdi ha`m tu`siniwdi, olardın` parqın ayrıwdı u`yretiw, sayaxatqa shıg`ıw barısında o`zin uslap biliw, jol ha`reketi qag`ıydalarına tiyisli qosıq(taqmaq)lar u`yreniwden baslanadı.

su`wret 1.1.

Balalarg’a Jol ha`reketi qagiyadalarin uyretiw boyinsha jumislardin bag`dari

- Tikkeley bilimlendiriw xizmeti
  - Tusindiriw, sa`wbet, bayan, turmistan gu`rrinler, su`wretler ko`riw, a`debiy shig`armalar oqiw, arnawli film ha`m multfilmler tamasha etiw, didaktikaliq oyinlar, jol ha`diyselerin modellestiriw
- Ta`rbiyashi ha`m balalardin` birge islesiwi
  - Seyilde baqlawlar, didaktikaliq oyinlar, produktiv xizmet, oyinlar, avtoploshadkadag`i oyinlar, tematikaliq sa`wbetler, kewil asharlar
- Balalardin` o`z betinshe iskerligi
  - Didaktikaliq oyinlar, su`wretler ko`riw, toparlarda jol ha`reketi qag`iydalari mu`yeshinde oynlar, syujetli oyinlar

Mısalı:

Egerde qızıl shıraq jansa,
Demek, ha`reketleniw qa`wipli.
Al, jasıl shıraq bolsa:
«O`tin`, jol ashıq!» degeni
Sarı shıraq-eskeritiw belgisi,
Demek, ha`rektleniw ushın tayarlan!

Su`wretlew o`neri boyınsha shınıg`ıwlarda balalar ju`k tasıytug`ın avtomobil`din` su`wretin salıwdı u`yrenedi, applikatsiyalar arqalı svetofordı

sog`ıwdı u`yrenedi. Balalar dene ta`rbiyası, muzıka ha`m ha`reketli oyınlar shınıg`ıwlarında qorshap turg`an ortalıqta o`zlerin qalaw uslawı kerek ekenin u`yrenip baradı. U`lken ha`m mektepke tayarlaw toparlarında bul shınıg`ıwlar teren`lestirilip o`tkeriledi.

Shınıg`ıwlardı o`tkeriw barısında balalardı jol belgileri, a`sirese «eskertiwshi» ha`m «ko`rsetiwshi» (bag`darlawshı) belgiler menen tanıstırıw maqsetke muwapıq boladı («piyadalar o`tetug`ın orın», «balalar», «turıw ornı», «shlagbaumlı temir joldan kesip o`tiw ornı» ha`m «shlagbaumı bolmag`an temir joldan kesip o`tiw ornı» sıyaqlı belgiler h.t.b.)

Sonday-aq, balalardı ha`reket etiwdi «qadag`an etiwshi» belgiler («piyadalar ushın qadag`an», «velosiped penen o`tiw qadag`an», «kiriw qadag`an») menen tanıstırıp barıw lazım. Oyınlar barısında balalar «ko`rsetpeler» beriwshi belgiler menen tanısadı («aylanba ha`reketleniw», «tuwrı ha`reketleniw», «on`g`a», «solg`a» h.t.b.).

Alıng`an bilimlerdi bekkemlew ushın sa`wbetlesiwler o`tkeriledi, ha`reketli oyınlar o`tkeriledi, logikalıq ma`sele(basqatırma)lar sheshiledi. Sonday-aq, jol ha`reketi qag`ıydaları boyınsha a`debiy shıg`armalar oqıladı, didaktikalıq oyınlar, ko`shenin` maketi jasalg`an stol u`stindegi oyınlar o`tkeriledi. U`lken toparlardag`ı balalardı ko`shedegi jol ha`reketin ta`rtipke salıwshı(regulirovshik)nın` jumısı(xızmeti) menen tanıstırıw maqsetke muwapıq boladı. Onı a`melge asırıw barısında ko`shedegi jol ha`reketin ta`rtipke salıwshı(regulirovshik)nın` a`hmiyeti, og`an ne ushın jezl (arnawlı tayaqsha) kerek ekeni tu`sindiriledi. Muzıka shınıg`ıwlarında balalardı oyın tu`rdegi shınıg`ıwlar arqalı ko`shedegi jol ha`reketin ta`rtipke salıwshı(regulirovshik)nın` «toqta», «dıqqat», «jol ashıq» sıyaqlı ha`reketleri menen tanıstırıladı.

Balalar jol ha`reketi qag`ıydaları boyınsha bilimlerdi so`ylewdi rawajlandırıwshı shınıg`ıwlarda, qorshap turg`an ortalıq penen tanısıw sabaqlarında, su`wret ha`m applikatsiya sabaqlarında, do`retiwshilik (maketlerdi jaratıw) shınıg`ıwlarında u`yrenip baradı. Sonın` menen birge a`debiy

shıg`armalardı oqıwdan tısqarı qosıq(taqmaq)lar yadlaw paydalı bolıp esaplanadı. Balalar basqatırmalardı tabıwdı unatadı.

Mısalı:

U`sh ren`degi ko`zlerge iye, biraq olardın` ba`ri bir waqıtta ashılmaydı.

Egerde qızıl ko`zin ashsa, demek toqta! Ju`riw qa`wipli!

Sarı ko`zi ashılsa-asıqpa! Al jasıl ko`z ashılsa-ju`r! (svetofor)

Qorshap turg`an du`n`ya menen tanıstırıw shınıg`ıwlarında sa`betlesiwler alıp barıladı.

Mısalı: «Ko`sheni qaysı jerde ha`m qalay o`tiw kerek» taqırıbındag`ı gu`rrin`lesiwde balalarg`a o`zlerin ko`shede qalay uslaw kerek ekenligi tu`sindiriliwi lazım. Al, «Bizler passajirlarmız» taqırıbındag`ı gu`rrin`de balalarg`a qala transportınan paydalanıw qag`ıydaları tu`sindiriledi (transporta o`zin qalay uslaw kerek, tramvaydan, avtobustan, avtomobil`den qalay aylanıp o`tiw qag`ıydaları menen tanıstırıladı). «Piyadalardın` minnetleri» gu`rrin`inde balalarg`a ko`shelerden ha`m kesispelerden o`tiw qag`ıydaları tu`sindiriledi. Balalar o`z bilimlerin a`meliy shınıg`ıwlar arqalı bekkemleydi.

Balalardın` jol ha`reketi qag`ıydaları boyınsha alg`an bilimleri sabaqlar ha`m sabaqlardan tısqarı o`tkerilgen su`wretlew o`neri shınıg`ıwlarında o`z na`tiyjesin tabadı. Balalar o`zleri salg`an su`wretlerde u`ylerdi, jollardı, piyadalardın` joldı kesip o`tiw ornı, svetofordı, ko`shedegi jol ha`reketin ta`rtipke salıwshı(regulirovshik)nı, jol belgilerin sa`wlelendirip baradı. Do`retiwshilik (maketlerdi jaratıw) shınıg`ıwlarında balalar qızıg`ıwshılıq penen svetofordın` ha`m ha`r tu`rli markadag`ı mashinalardın` maketlerin jaratadı.

Mektepke tayarlaw toparlarında balalardın` jol ha`reketi qag`ıydaları boyınsha bilimleri ken`eyttiriledi ha`mde teren`lestiriledi. Olar o`zleri ushın jan`a bolg`an piyadalar ha`m passajirlerge tiyisli qag`ıydalar menen tanısadı. Olar to`mendegishe:

1. Piyadalarg`a tek g`ana trotuarlarda on` ta`rep arqalı ju`riw ruxsat etiledi. Eger trotuarlar bolmasa joldın` joldın` shetinen ju`riwge ruxsat etiledi (qalalıq emes aymaqlarda, transporttın` ha`reketine qarama-qarsı bolg`an bag`darda).

2. Jol ko`rsetiwshi belgiler bolmag`an ko`shelerde kesispeden o`tiw bir trotuardın` aqırı menen ekinshi trotuardın` basın biriktiriwshi shegaradan o`tiwge ruxsat beriledi.

3. Piyadalar ushın arnalg`an piyadalar tonnel`ler (jer astı o`tiw ornı) yamasa ko`pirler bolg`an jag`daylarda piyadalar usılar arqalı joldın` ekinshi ta`repine o`tiwi lazım.

4. Piyadalar ko`she(joldı)ni tek g`ana adımlar arqalı (juwırmay) o`tiwi tiyis. Ko`sheni o`tpey atırıp piyadalar ha`reket qa`wipsizligine dıqqat awdarıwı kerek.

5. Piyadalar a`tirapindag`ılarg`a itibarlı ha`m o`z-ara jaqsı qarım-qatnasta bolıwı tiyis. Olar bir-birinin` ha`reketine kesent bermewi kerek.

6. Joldı kesip o`tiwde ha`reketleniw tek g`ana svetofordın` jasıl shırag`ı janıp turg`an waqıtta yamasa ko`shedegi jol ha`reketin ta`rtipke salıwshı(regulirovshik)nın` ruxsatı menen a`melge asırıladı.

Jol ha`reketi qag`ıydaları boyınsha bilimlerdi bekkemlewdin` tu`rlerinin` biri balalardı dem alıwg`a shıg`arıw bolıp tabıladı. Onda balalar «Menin` dostım svetofor», «Qızıl, sarı, jasıl», «Jas jol ha`reketin ta`rtipke salıwshı(regulirovshik)» taqırıbındag`ı oyın-shınıg`ıwların oynaw arqalı jol ha`reketi qag`ıydaları boyınsha alg`an bilimlerin a`melde bekkemlep baradı.

Balalar piyadalar biliwi tiyis bolg`an qag`ıydalar menen tanısqannan son` velosipedler ha`m samokatlardan paydalanıw qag`ıydaların u`yreniw oyınların o`tkerse maqsetke muwapıq boladı.

O`tkerilgen jumislar na`tiyjesinde soni biliwmiz mu`mkin, mektepke shekemgi jastag`i balalar jol ha`reketi qag`iydalari haqqindag`i tu`siniklerge ata-analar, ta`rbiyashilar ha`m u`lkenler ja`rdeminde iye boladi (su`wret 1.2.)

su`wret 1.2.

Jol ha`reketi qagıydalari boyınsha balalar biliminin` monitoringi (Mektepke shekemgi 3-5 jastag`ı balalar)




joqarı ortasha to`men

Jol ha`reketi qagıydalari boyınsha balalar biliminin` monitoringi (Mektepke shekemgi 6-7 jastag`ı balalar)




joqarı ortasha to`men

Balalarda ko`shede o`zin uslap biliw qag`ıydaların qa`liplestiriw barısında olardı tramvaylar ha`m avtobuslardın` aydawshı(shofer)larının` miyneti menen tanıstırıwg`a dıqqat awdarıw tiyis. Olarg`a eger piyadalar jol ha`reketi

qag`ıydalarına qatan` boysınbasa tramvaylar ha`m avtobuslardın` aydawshı(shofer)larına og`ada qıyın bolatug`ın tu`sindirip barıw kerek. Balalarda qızıg`ıwshılıq payda etiw ushın jol ha`reketi qag`ıydaları boyınsha illyustratsiyalar, al`bomlar, su`wretler, plakatlar ko`rsetiledi.

Balalardın` jol ha`reketi qag`ıydaları boyınsha alg`an bilimlerin teren`lestiriw ha`m bekkemlewde olardag`ı oyın oynaw qa`biletlerine ayrıqsha itibar qaratıladı, sebebi oyın-shınıg`ıwlar arqalı balalarda ortalılıqqa biyimlesiwi tez qa`liplesedi. Mektepke tayarlaw jastag`ı balalar menen islesiw barısında didaktikalıq, ha`reketli ha`m do`retiwshilik oyınlarg`a ayrıqsha itibar beriledi. «Svetofor», «Avtomobil`ler», «Toqta» taqırıbındag`ı oyın-shınıg`ıwları arqalı balalar o`zlerin ortalıqta uslap biliwge u`yrenip baradı. Bul oyınlar balalarda oylaw, o`zin-o`zi basqara biliw ha`m o`z betinshe sheshim qabıl etiw, alg`an bilimlerin a`melde qollana biliw qa`biletlerin rawajlandıradı.

Ata-analardın` ja`rdeminde syujetli-rolli oyınlardı sho`lkemlestiriw ushın krek bolg`an atributikalardı tayarlawg`a boladı (ko`kirek nıshanları, jezl, bas kiyimler). Ata-analarg`a balalarınıń` jol ha`reketi qag`ıydaları boyınsha alg`an bilimlerin u`ylerinde bekkemlep barıw boyınsha usınıslar berilse boladı. Mısalı, u`yden mektepke shekemgi bilimlendiriw ma`kemesine shekemgi joldı, joldag`ı ko`rsetiwshi ha`m qadag`an etiwshi belgilerdi h.t.b. su`wret da`pterine salıw, qosıqlar(taqmaqlar)dı balaları menen birge yadlap barıw.

Mektepke shekemgi bilimlendiriw ma`kemesi ha`m shan`araqtın` o`z-ara birge islesip barıwı na`tiyjesinde balalar o`zleri jasap turg`an aymaqta o`zin uslap biliwdi ha`mde jol ha`reketi qa`wipsizligi qag`ıydaların buzbawg`a u`yrenip baradı.

## I.2. Oyinlar arqali balalarg`a jol ha`reketi qag`iydalarin u`yretiw

Oyin mektepke shekemgi ta`rbiya jasindag`i balalardin` tiykarg`i xizmeti

bolip, ol arqali bala shaxs sipatinda qa`liplesip baradi. Oyin balanin` keleshektegi oqiw, miynet xizmeti, adamlarg`a mu`na`sebetinin` qay jerde qa`liplesip bariwin belgileydi.[6]

Mektepke shekemgi ta`lim mekemeleri bir qatar waziypalardi sheshiw menen birge balalardi aqiliy jaqtan rawajlandiriwda balalar oyinlarinin` a`hmiyetine toqtalip o`temiz.

Oyin qa`dim zamanlardan beri pedagog, psixolog, filosof, etnograf alimlar diqqatin o`zine tartip kelgen.

Bala o`z oyinlarinda aldin u`lkenler miynetine uqsatiwg`a ha`reket qiladi, keyinsheli olardin` miynetine qatnasadi. Oyin jas a`wladti miynetke tayarlaydi. Balalar oyinin bunday tu`siniw birinshi ma`rte K.D.Ushinskiy ta`repinen ta`riplep berilgen edi. Ol o`z shig`armalarinda balalar oyininin` mazmuni olardin` o`mirden alg`an tu`sinikleri menen belgilep olar shaxsinin` qa`liplesiwine ta`sir etedi, - dep jazadi.

Pedagogikaliq oyinlar – oqitiwdin' maqseti aniq qoyilg'an ha'm og'an tiyisli oqiw-tanisiw bag'darinin' pedagogikaliq na'tiyjesin sa'wlelendiriwshi xizmet tu'ri bolip esaplanadi. Oyin miynet ha'm u'yreniw menen bir qatarda, bizin' bar boliwimizdin' fenomeni ha'm adam iskerliginin' bir tiykarg'i tu'rlerinen bolip tabiladi. Oyinnin' a'hmiyetin bahalaw mu'mkin emes. Oyindi u'yreniw metodi esabinda, eresek a'wladtin' jas a'wladqa ta'jiriybe almasiwda a'yemnen paydalang'an. Ken' ko'lemli paydalaniwdi oyin xaliq pedagogikasinda, mektepke shekemgi ha'm mektepten tisqari mekemelerde sa'wlelendiredi.

Oyindi uliwma payda bolg'an ta'rbiyanin' tu'ri sipatinda qarap, belgili pedagog D.B.El`konin atap o'tken, hesh qanday basqa bir insannin' xizmet tu'ri o'zinin' qasinda bunday «pedagogikaliq maydandi» payda etpeydi. Oyinnin' a'hmiyetligi sonda, oyinnin' o'zi iskerlik tu'ri bolip sol protsesste insannin' oy-qiyallarin payda etedi.

Mektepke shekemgi ta'rbiyalaniwshilardin' u'lken jastag'i balalarin u'yretiwde bala iskerliginin' ha'r qiyli tu'rlerin sho'lkemlestiriwshi ha'm jol

[6] P.Yusupova «Maktabgacha tarbiya pedagogikasi»

ha'reketi qag'iydalarin u'yreniwge mektepke shekemgi jastag'i balalardin' ba'rqulla qizig'iwshilig'in qollap-quwatlawshi oyin texnologiyalarina belgili orin ajiratiladi. Oyin bul, real turmisti su'wretlewshi iskerlik tu'ri bolip tabiladi. Oyin oynap biliw – bul, ma'deniyat, shaxs ha'm uliwma ja'miyetti ta'riyplewshi ko'rsetkish bolip tabiladi.

Oyin – bul, bala ushin ta'biyiy forma. Oyin arqali u'yretip, balalardi biz ereseklerdin' qa'legenindey oqiw materialin berip qoyiw emes, al balalar ushin qolayli bolg'an ha'm oni ta'biyiy tu'rde aliwin u'yretemiz.

Mektepke shekemgi jastag'i balalardin' psixologiyaliq tu'siniklerinen kelip shig'ip, qizig'iwshiliqti qollap-quwatlaw ha'm sabaqlarda programmali materialdi sapali iyelew ushin kukolli personaj bolg'an Avtosha ha'm onin' dostisi Migalochka kiritiledi. Migalochka o'zinin' kukolli elinde mektepke barip jol ha'reketin qag'iydalarin bilmegenligi ushin oni Avtosha menen balalar birgelikte jol ha'reketi qa'wipsizligine u'yretedi.

Bul oqitiw jol ha'reketi qag'iydalarin u'yretiw boyinsha shinig'iwlardin' muzika, a'debiyat, a'meliy iskerlik (ekskursiya ha'm avtoqalashada shinig'iwlar), oyin (didaktikaliq, roli bolg'an oyinlar), sonday-aq fizikaliq shinig'iwlardi orinlaw menen o'z-ara baylanisi tiykarinda a'melge asiriladi. Jol ha'reketi qag'iydalarin u'yretiw boyinsha shinig'iwlar qol miyneti (ha'r qiyli materialdan maketler islew) ha'm su'wretlerdi o'z ishine aladi.

Usi kurs dawaminda to'mendegi su'wrette keltirilgen shinig'iwlar o'tkeriw formalari ko'zlengen (1.3-su'wret).

1.3-su'wret

Shinig'iwlardi sho'lkemlestiriw formalari

Syujetli-rol`li oyin

Shinig'iwlar

Situatsiyali oyin

Su'wret




Maqset: mektepke shekemgi u'lken jastag'i balalardin' ko'she-jollarda qa'wipsiz minez-qulqtin' unamli a'detlerin payda etiw.

Shinig'iwlardin' oyin formasi oqiwshilardi MAI birlespesinde oqiw iskerligine u'yretedi.

Ha'r qiyli oyin texnologiyalarin qollaniw biliw qizig'iwshiliqlarin rawajlandiriwg'a, logikaliq pikirlewge, do'retiwshilik uqipliliqlarg'a, uliwmalastiriwg'a, oy-pikirlewge, itibarliqti rawajlandiriwg'a, so'zge yaki signal reaktsiyasinin' tezligine, qorshag'an ortaliqqa beyimlesiwge ha'm maqsetke erisiwde shidamliliqqa shaqiradi.

Balalardi jol ha'reketi qag'iydalarina u'yretiwde ha'r qiyli oyinlardi ken' tu'rde qollaniw mu'mkin:

- fizikaliq shinig'iwlar ha'm sporttin' elementleri menen;
- rol`li ha'm situatsiyali oyin;
- teatrlastirilg'an ha'm oyin-dramatizatsiyalar;
- didaktikaliq;
- maketlerdi qollaniw menen;
- komp`yuterli;
- intellektual-an'lawshiliq;

Endi bolsa, to’mende keltirilgen su’wrette jol ha’reketi qag’iydalarina mektepke shekemgi balalardi u’yretiwde oyin texnologiyalarin ko’rip o’teyik (1.4-su’wret).

1.4 -su’wret

Jol ha’reketi qag’iydalarina mektepke shekemgi balalardi u’yretiwde oyin texnologiyalari




Oyin texnologiyalari balalarg’a psixologiyaliq qolayliliq ta’miynleydi, den-sawliqti bekkemleydi ha’m turaqli keypiyat jaratadi.

Rol`li oyin – sha’rtlerdi o’zgertpewshi, qatan’ qag’iydalardan awlaq bolg’an balalardi modellestiriw tu’ri bolip sanaladi. Rol`li oyinlar – bular ba’rqulla

bir na’rsege oynaw tu’ri. Bul planda olar ja’miyet aynasi. Rol`li oyinlardiq artiqmashliq belgilerinen bolip onda syujet ha’m rol`lerdin’ bar boliwi.

Situatsiyali ha’m syujetli-rol`li oyinlardi balalar avtoqalashasi territoriyasinda o’tkerip g’ana qoymastan, sonday-aq, magnitli doska ha’m maketlerden paydalang’an halda xanalarda o’tkerse boladi. Balalar mashqalali jag’daylardi su’wretleydi (Jolda avariya, jol-transport ha’diysesi, peshexodlar ha’m aydawshilar, avtobus passajirleri-peshexodlar-aydawshilar, Retlestiriletug’in kesilispe ha’m t.b.). Balalar syujet oylap tawip, rol`lerdi bo’listiredi (tez ja’rdem shaqiriw, MAI, jurnalist interv`yusi, inspektor ta’repinen soraw, televidenie diktori bag’darlama alip barip atir, ha’diyse haqqinda aytip o’tedi, jol qa’wipsizligine ma’sla’ha’tler beredi).

Dramatizatsiya ha’m teatrlastirilg’an oyinlarinda balalar sa’wbetlesiwge, tin’lawg’a, logikaliq oylawg’a, kishkene sahnalar oynawg’a, jol ha’diyselerine u’yrenedi. Jol belgilerin u’yreniwde ha’m yad etiwde balalar «Tanisayiq» degen teatr oynaydi, onda olar jol belgilerinin’ ataliwin, olardi qalay tanip aliw (geometriyaliq forma, ren’, simvol) haqqinda aytip beredi Balalarda so’ylew rawajlanadi.

Didaktikaliq oyinlar – aqildi rawajlandiriwshı ha’reket qurallarinan biri bolip tabiladi. Tayar qag’iydalar menen bolg’an oyinlar balalardin’ an’lap aliwshiliq aktivliginin’ rawajlaniw qurali retinde paydalaniladi. Olar balalarda tamashago’y, tin’lawshiliq ha’m tag’i basqa sezimlerdi rawajlandiradi, sonday-aq, qorshag’an ortaliqtag’i predmetlar haqqinda bilimlerdi jetilistiredi. Didaktikaliq oyinlar sheshiwdi, oylap tabiwdi talap etedi. Oyinsiz toliq aqlli rawajlaniw joq ha’m bolmaydi. Oyin – bul u’lken jariq ayna bolip, sol arqali balanin’ ruwxiy du’n`yasina qorshag’an ortaliqtin’ tu’sinikleri engiziledi. Sonin’ ushin da to’mende ati ko’rsetilgen oyinlarg’a ayriqsha itibar awdariladi:

- Oylap ko’r, sayla, tu’sindir (jol belgileri su’wretlengen kesteler);
- Qa’wipler ko’p, al o’mir birew;
- Jolda ha’zillesiw-o’zin’e ziyan jetkiziw;
- Jol belgisine simvol tan’la;

- Svetofor signallari;

- Jol belgisin jiyna;

- w ret qara, son’ ala ju’r;

- Toparlar boyinsha belgilerdi bo’listir;

- Ne o’zgerdi.

Baqsha jasindag`i balalarda didaktik oyinlar ta`lim aliw barisinda balalardin` jas ayirmashiliqlari ha`m tayarliqlarina qarap alip bariwda olarg`a bilim ha`m mag`liwmat beriwdi jen`iltiwge ta`limde ko`rgizbese ta`miynlewde qaratilg`an bolip olardin` oqiw materiallari menen ayriqsha ba`nt etip qoymastan zeriktirmesten imkaniyatlar yamasa qolayliqlar jaratiladi. Da`stu`rge say materiallardi o`zlestiriwde qolayliliq tuwdiradi. «Didaktik oyinlar balalardin` aqiliy jaqtan o`siwinde Oyinnin` o`siriwinde olardin` pikirinin` bay boliwina ha`m rawajlaniwina xizmet qiladi».

Didaktik oyinlar arnawli materiallar ja`rdeminde iske asadi. №uwirshaqlar oyinshiqlar ha`r qiyli ko`rsetpe qurallari, tu`rli-tu`rli buyimlar ha`m sanaw ha`m esaplaw a`sbaplari, ta`biyiy materiallar ha`m t.b. zatlar. Za`ru`rli ha`m kerekli boladi. Ta`rbiyashi ta`rbiyalaniwshilar ma`deniyatin o`siriwde ha`reketli ko`p oyinlar ha`m ko`rgizbeli materiallar tiykarlang`an boladi. Bunin` ushin sabaq barisinda oyindi baslar aldin sol oying`a za`ru`r bolg`an material a`sbaplardi aldin ala tayarlap qoyilg`an maqul boladi.

Didaktik oyinlardan ta`lim-ta`rbiya ja`rdeminde paydalaniw ta`rbiyashilardin` pa`n tiykarinda u`yreniwin jen`illestiriw maqsetke muwapiq boladi. Didaktik oyinlarda ta`rbiyashilardin` qimbatli ta`jiriybeleri tiykarinda ja`nede toliqtiriw og`an mu`mkinshilik jaratiw bizin` tiykarg`i waziypamiz.

Didaktik oyinnin` basqa oyinlardan parqi sonda, basqa jasi balalar sonda ha`m kishi mektep jasindag`i balalarg`a ta`lim-ta`rbiya Oyinnin` bul tu`rinde ken` paydalaniladi. Bala oyinda qatnasiwinda teren` bilimgeiye boladi, ha`r qiyli ko`nlikpelerge iye boladi. Didaktik oyinnin` tiykarg`i mazmuni sonda, u`lkenler ta`repinen bala oyin tu`rinde aqiliy waziypani, iske asiriw tapsiriladi. Bunin`

tiykarg`i maqseti balalardin` bilimge bolg`an qizig`iwshiliqti rawajlandiriw. Oyin bala orinlay almaytug`in talaplariniske qoymaydi. Sonin` menen birge oyin balanin` bir za`ru`r beriwin ba`rqulla talap qiladi.[7]

## II.3. Balalarg`a jol ha`reketi qag`ıydaların u`yretiwde ata-analardın` tutqan orni

Shan`araq perzentlerinin` fizikalıq jaqtan salamat, ruwxıy ka`mil haqqında za`ru`r a`hmiyetke iye da`rgay sanaladı. Bala ushın shan`araq birinshi watan, sotsiallıq turmıstın` birinshi tekshesi sanaladı. Sonın` barabarında

[7] Balajan N. 2013 y

balalardın` qa`wipsizligi ushın gu`resiw ata-ana ushın parız ha`m qarız. Biraq, ko`she ha`m jollarda tuwrı ju`riw ko`nlikpelerin payda qılıw, jol ha`reketi qag`ıydalarına boysınıwdı u`yretiw, ata-analardın` en` za`ru`r wazıypalarınan biri bolıp tabıladı.

Balalar qısqı, ba`ha`rgi, jazg`ı dem alıs ku`nlerinde ata-analardın` itibarınan shette qalmaslıqları kerek. A`sirese, mektepke shekemgi ta`rbiya jastag`ı balalarg'a u`lken itibar qaratıw kerek, sebebi jas bolg`anlıqları sebepli, olar jol ha`reketi qag`ıydaların jaqsı an`lap jetpeydi. Balalardın` balalar baqshasinan bos waqıtlarında yaki dem alıs ku`nleri ata-analar olarg`a za`ru`r sha`rayatlardı jaratıp beriwleri kerek. Balalardın` u`lken ko`shelerden jalg`ız o`tiwlerine jol qoymaslıq kerek. Transport ko`p qatnaytug`ın orınlarda, 14 jasqa tolmag`an balalardın` velosiped ha`m moped miniwlerine ruxsat bermeslik, jaraqatlanıwlardın` aldın alıwda za`ru`r girew esaplanadı. Balalardı jollarda ju`z beretug`ın qa`wip-qa`terdin` aldın alıw faktorlarınan ja`ne biri, balalarg`a jol ha`reketi qag`ıydaların u`yretiw ha`m olardın` jollarda boslıq qılıwları qanday jaman aqıbetlerge alıp keliwin tu`sindiriw bolıp tabıladı. Balalardın` jollarda samokat ushıwı, futbol, voleybol ha`m ha`r tu`rli oyınlar oynawg`a jol qoymaslıq kerek.

Balalar mektepke shekemgi bilimlendiriw ma'kemesinen u`yge qaytıp atırg`anlarında ha`m dem alıs ku`nleri imkang'a qaray ata-analardın` qadag`alawı astında bolıwları maqsetke muwapıq bolıp tabıladı.

Mektepke shekemgi bilimlendiriw ma'kemesi basshisi, ta'rbiyashilar ja`ma`a`ti balalardın` ata-anaları menen balalardı jol ha`reketi qag`ıydalarına u`yretiw boyınsha birge islewinde jumıs alıp barıwları kerek.

Mektepke shekemgi bilimlendiriw ma'kemesinde sho`lkemlestirilip atırg`an ata-analar jıynalıslarında balalar qa`wipsizligin ta`miynlew ma`selesin ko`teriw u`lken a`hmiyetke iye. Ata-analar ushın arnawlı tayarlang`an lektsiyalar, kinofilmler jol ha`reketi qa`wipsizligi ja`ne de den-sawlıqtı saqlaw xızmetkerleri, transport aydawshıları qatnasında o`tkizilse maqsetke muwapıq boladı. Ja`ne ata-analar menen balalar salamatlıg`ın saqlaw, olarda ko`she ha`m jollarda tuwrı ju`riw ko`nlikpelerin qa`liplestiriwge tiyis sa`wbetler alıp barıw mu`mkin. Ma`selen:

1. Balalarg`a jol ha`reketi qag`ıydaların u`yretiwde ata-analardın` wazıypaları
2. Jol ha`reketi qag`ıydaları boyınsha balalarg`a qoyılatug`ın talaplar
3. Balalardın` transporttan jaraqatlanıwının` aldın alıwda ata-analardın` wazıypaları
4. Ata-analar balalar menen birge ju`rgenlerinde olarg`a jol ha`reketi qag`ıydaların belgili u`yretip barıwları
5. Ko`she ha`m jollarda balalar ha`reketin qadag`alaw, za`ru`r bolg`anda olarg`a ja`rdem beriw
6. Velosiped ha`m velosipedshiler haqqında
7. U`lkenlerdin` ko`she ha`m jollardag`ı ta`rtipsizliklerinin` balalarg`a unamsız ta`siri

Balalar salamatlıg`ın saqlawda tek g`ana ata-analar ushın o`tkiziletug`ın lektsiya ha`m sa`wbetler menen shegaralanıp qalmastan, basqa bir qatar ilajlar da o`tkiziw mu`mkin. Bunın` ushın atalıq sho`lkemler, shirket xızmetkerleri, JHX, tarnsport xızmetkerleri birgelikte jas qadag`alawshılar, mektep oqıwshıları ja`rdeminde to`mendegilerdi a`melge asırıwları za`ru`r:

- baqsha a`tirapındag`ı aymaqta balalardın` baqshag’a keliw ha`m baqshadan qaytıw waqtında na`wbetshilik qılıw;

- ata-analar, avtomobil ha`weskerleri ja`miyeti ja`rdeminde, balalar ushın velosiped aydawshılar kursın sho`lkemlestiriw ha`m kurstı pitirgenlerge gu`walıqnama beriw;

- perzentleri birinshi klassqa baratug`ın ata-analardın` rayon ha`m qala konferentsiyaların o`tkiziw;

- ata-analar komiteti ha`m atalıq sho`lkemler ja`rdeminde «Ha`reket qa`wipsizligi ha`pteligi» o`tkiziw;

- ata-analar, atalıq sho`lkemlestiriwshiler ja`rdeminde mektepke shekemgi mekemelerinde, turar jaylarda avtomaydansha ha`m avtoqalashalar qurıw ja`ne de u`skenelew, bos waqıtlarda ol jerde oyın ha`m jarıslar o`tkiziw;

- ata-analar ma`jilisinde balalarg`a jol ha`reketi qag`ıydaların u`yretiw ma`selelerin sa`wbetlesiw.

Ha`reket qa`wipsizligi, xalıq xalıq ag`artıwshılıq xızmetkerleri ta`repinen o`tkizilip atırg`an ibratlı ilajlardan biri – 1 klassqa oqıwg`a keliwshi oqıwshılarg`a ayrıqsha itibar beriw bolıp tabıladı. Oqıw jılı baslanıwında 1-klass oqıwshılarına mektepten u`yge ha`m u`yden mektepke alıp barıwshı qa`wipsiz jol sızılması sızılg`an, biraq toltırılmag`an qag`az beriledi. Oqıwshı bolsa ata-anası ha`m oqıtıwshısı qadag`alawında onı toltıradı, qaysı joldan barg`anda ha`m qaytqanında qa`wip-qa`tersiz barıwın oylaydı. Toltırılatug`ın qag`az klassta sa`wbet qılınadı.

Respublikamızdın` ko`p g`ana mektepke shekemgi bilimlendiriw ma’kemelerinde jol ha`reketi qa`wipsizligi, ag`artıwshılıq, den-sawlıqtı saqlaw xızmetkerleri, perzentler, 1 klassqa baratug`ın shan`araqlarg`a barıp, ata-analar menen balalardın` mektepke qa`wipsizbarıp bariwi, balalar qa`wipsizligi ushın ata-analardın` juwapkerligi haqqında sa`wbet o`tkiziwi da`stu`rge aylanıp qalg`an. Jol ha`reketi qag`ıydalarına a`mel qılmaslıq ko`binshe transport quralları ha`m piyadalardın` ha`reketin izden shıg`aradı. Ko`z aldın`ızg`a keltirin`, eger jol ha`reketi qag`ıydaları bolmasa yaki aydawshı ha`m piyadalar bul qag`ıydalarg`a a`mel qılmasa, yaki aydawshı ha`m piyadalar bul qag`ıydalarg`a a`mel qılmasa, qanday ha`diyseler ju`z beriwi mu`mkin.

Jol ha`reketi ha`diyselerine a`mel qılmaslıq aqıbetinde avtomobil ha`m avtobuslar, tramvay ha`m trolleybuslardın` ha`reketleniw tablitsası buzıladı, jolawshılar, ju`kler adreske keshigip baradı. Bunın` aldın alıw ushın ha`r bir aydawshı ha`m piyada o`zin sezgir ha`m abaylı tutıwı kerek. Ol ha`reket qag`ıydaların jaqsı biliwi ha`m olarg`a a`mel qılıwı kerek.

Jol ha`reketi qag`ıydalarına ko`re qalalarda, xalıq jasaytug`ın orınlarda ha`m jollarda tek g`ana on` ta`repleme ha`reket qabıl qılıng`an. Jol ha`reketin ta`rtipke salıw, transport aydawshılar, piyadalar ha`m jolawshılardın` ha`reket qag`ıydalarına qanday a`mel qılıp atırg`anlıqların baqlaw wazıypası jol ha`reketi qa`wipsizligi xızmetkerleri moynına ju`kletilgen.

Jol ha`reketi qaıydaları piyada ha`m transport aydawshılarının` bar sha`rayatqa qarag`anda o`z-ara abaylı, ziyrek bolıwdı talap etedi.

Juwmaqlaw

Juwmaqlap aytatug'in bolsaq, balanı bir na'rsege g'ana u'yretiw emes, onda o'z ku'shine isenim arttiriw, o'z ideyaların qorg'aw, g'arezsiz tu'rde bir qararg'a keliw ko'nikpesin qa'liplestiriwde mektepke shekemgi bilimlendiriw

ma’kemeleri ta’rbiyashilarinin’ xizmeti u’lken rol oynaydı. Balalardı o’z xalqı, ja’miyeti ha’m jurtına pidayiliq ruwxında keleshek tag’diri ushin juwapkerlikti seze alatug’ın, bay milliy ma’deniy miyrasımız ha’m qa’driyatımızg’a hu’rmet penen qaraw ha’m asırap – abaylaw ruwxinda ta’rbiyalaw – bul ja’miyetimiz aldında turg’an keshiktirip bolmas waziypa ekenligin, bunda ba’rshe ta’lim – ta’rbiya jumısı menen shug’ıllanıwshı xızmetkerlerden u’lken – u’lken jumislardı orınlawdı talap etedi. O’z na’wbetinde, bul jumislardin’ ishinde «Balalar baqshasinda ta’lim-tarbiya dastu’ri»nin’ «Ken’islikte mo`ljel aliw» bo’limi boyinsha balalardi bir qansha tu’sinikler menen tanistirip bariwdan ibarat edi. Balalarda ken’islikti oylaw ha’m elementar tu’siniklerdi rawajlandiriw boyinsha maqsetke muwapiq isti, bizin’ pikirimizshe daslepki jastan-aq baslaw kerek. U’sh jasqa shekemgi bolg’an balalarda do’gerek-atirapta (u’y sharayati, topar xanasi, buyimlardin’ oyinshiqlardin’ a’dettegi jaylasiwlarinda ) ju’da u’lken qizig’iwshiliq penen orientir aliw boyinsha ha`r qiyli tajiriybe toplaw da`wiri bolip tabiladi.

Mektepke shekemgi tarbiya jasindag’i balalardin’ ken’islik haqqindag`i tu’sinikleri iskerliginin’ barliq tu’rdegi protsessinde ken’eyedi ha’m bekkemlenedi. Shinig’iwlar quramina ken’islikte mo’ljel aliwg’a ta`n arnawli shinig’iwlardin’ kirgiziliwi de bug’an imkaniyat beredi. Balalarg`a on’-shep qollarin ajiratiwdi, «o’zine», ha’m «o’zinen» mo’ljel aliwdi, bag`dar boyinsha ha`reket etiwdi u`yretiwden ibarat bolip esaplanadi.

Mektepke shekemgi jastag`ı balalarda jol ha`reketi qa`wipsizligi qag`ıydaların u`yretip barıw onda ko`shede ha`m jolda o`zin ta`rtipli uslawg`a u`yretedi. Sonın` menen birge balada og`ada a`hmiyetli orın tutatug`ın dıqqat, o`zine bolg`an talapshan`lıq, juwapkershilik ha`m sergeklik sıyaqlı qa`sietler qa`liplestirilmese ta`rtipli piyadanı ta`rbiyalaw og`ada qıyın bolıp esaplanadı. Sebebi ko`pshilik jag`daylarda shaxsta joqarıda atap o`tilgen paziyletlerdin` bolmawı baxıtsız ha`diyselerdin` kelip shıg`ıwına tu`rtki bolmaqta. Mektepke shekemgi jastag`ı balalardı ko`shede o`zlerin ta`rtipli uslawg`a u`yretip barıw sistemalı tu`rde

u`zliksiz a`melge asırıw lazım bolıp tabıladı. Bul bag`darda balalarg`a beriletug`ın bilimler izbe-izlik penen quramalastırılıp barıladı.

Balalarg`a jol ha`reketi qag`ıydalarının` teoriyaların u`yretip barıw a`meliy shınıg`ıwlar ja`rdeminde bekkemlep barılsa maqsetke muwapıq boladı.Balalarg`a jol ha`reketi qag`iydalarin u`yretiw boyinsha jumis bag`darina to`mendegiler kiredi: tikkeley bilimlendiriw xizmeti, ta`rbiyashi ha`m balalardin` birge islesiwi, balalardin` o`zbetinshe iskerligi. A`sirese, sonı ayrıqsha atap o`tiw kerek, balalardın` jol ha`reketi qag`ıydaların jaqsı bilmeslikleri yaki bilse de, balalıqqa barıp, olarg`a a`mel qılmaslıqları, ata-analardın` bul ma`selege qatan` jantaspawları, bazı bir aydawshılardın` jol ha`reketi qag`ıydaların buzıwları aqıbetinde, ko`plep baxıtsız ha`diyseler payda bolmaqta.

Xalqımızda «Ustaz atan`day ullı» naqıl bar. Biraq, ustaz ayırım jag`daylarda balalar du`nya qarası, sanasına ata-analardan da ko`birek ta`sir ko`rsete aladı. Usınday eken, bu`gingi jas a`wladtı jurtımızdın` pidayı insanları etip ta`rbiyalawda ustazlardın` xızmeti sheksiz bolıp tabıladı. Qa`lbimiz miywesi bolmısh balalardı ko`z qarashıg`ınday asıraw, olardın` salamatlıg`ın abaylaw ba`rshemizdin` juwapkershilikli parızımız bolıp tabıladı.

Balalar ortasında ju`z berip atırg`an jol transport ha`diyselerinin` aldın alıw ushın, jol ha`reketi qag`ıydaları sabaqların belgili da`rejede alıp barıw kerek. Balalardın` teoriya ha`m a`meliyat uyg`ınlıg`ına erisiwinde ha`reketleniw qa`wipsizligine tiyis jarıs, ushırasıwlar ha`m basqa ilajlardı sho`lkemlestiriw kerek. A`lbette, bunda ta`rbiyashilardin` ka`siplik uqıplılıg`ı, sho`lkemlestiriwshilik qa`bileti za`ru`r a`hmiyetke iye.

Balalardın` jol ha`reketi qag`ıydaları boyınsha alg`an bilimlerin teren`lestiriw ha`m bekkemlewde olardag`ı oyın oynaw qa`biletlerine ayrıqsha itibar qaratıladı, sebebi oyın-shınıg`ıwlar arqalı balalarda ortalılıqqa biyimlesiwi tez qa`liplesedi. Mektepke tayarlaw jastag`ı balalar menen islesiw barısında didaktikalıq, ha`reketli ha`m do`retiwshilik oyınlarg`a ayrıqsha itibar beriledi. «Svetofor», «Avtomobil`ler», «Toqta» taqırıbındag`ı oyın-shınıg`ıwları arqalı balalar o`zlerin ortalıqta uslap biliwge u`yrenip baradı. Bul oyınlar balalarda oylaw, o`zin-o`zi

basqara biliw ha`m o`z betinshe sheshim qabıl etiw, alg`an bilimlerin a`melde qollana biliw qa`biletlerin rawajlandıradı.

Ata-analardın` ja`rdeminde syujetli-rolli oyınlardı sho`lkemlestiriw ushın krek bolg`an atributikalardı tayarlawg`a boladı (ko`kirek nıshanları, jezl, bas kiyimler). Ata-analarg`a balalarının` jol ha`reketi qag`ıydaları boyınsha alg`an bilimlerin u`ylerinde bekkemlep barıw boyınsha usınıslar berilse boladı. Mısalı, u`yden mektepke shekemgi bilimlendiriw ma`kemesine shekemgi joldı, joldag`ı ko`rsetiwshi ha`m qadag`an etiwshi belgilerdi h.t.b. su`wret da`pterine salıw, qosıqlar(taqmaqlar)dı balaları menen birge yadlap barıw.

Mektepke shekemgi bilimlendiriw ma`kemesi ha`m shan`araqtın` o`z-ara birge islesip barıwı na`tiyjesinde balalar o`zleri jasap turg`an aymaqta o`zin uslap biliwdi ha`mde jol ha`reketi qa`wipsizligi qag`ıydaların buzbawg`a u`yrenip baradı.

## Paydalanılg`an a`debiyatlar

1. I.A.Karimov Barkamol avlod - O`zbekiston taraqqiyotining poydevori: T. «Sharq», 1997.

2. I.A. Karimov. «O`zbekiston XXI asrga intilmoqda». T.«O`zbekiston»-1999 y.
3. I.A Karimov “Yuksak ma’na’viyat yengilmas kuch” - Toshkent, Manaviyat, 2008 y.,176 b.
4. O`zbekiston Respublikasining «Ta`lim to`g`risida»gi qonuni T.1997y
5. «O`zbekiston Respublikasi Kadrlar tayyorlash milliy dasturi». T. 1997 y.
6. Maktabgacha yoshdagi bolalar ta`lim-tarbiyasiga qo’yiladigan davlat talablari Toshkent O’zPFITI, 2000 y
7. “Bolajon” tayanch dasturi. T. 2010 y.
8. O`zbekiston Respublikasida maktabgacha ta`lim to`g`risidagi Nizom. T-2000 y.
9. P.Yusupova «Maktabgacha tarbiya pedagogikasi» Toshkent, O’qituvchi 1993
10. X. Axmedova va boshqalar… «Bolangiz maktabga tayyormi?» “Marifat-madadkor”. T.., 2000y.
11. O.U.Xasanboeva va boshqalar. «Maktabgacha talim pedagogikasi». T.., «İlm ziё» 2006
12. K.Mahkamjonov, H.Tulqunova, Sh.Mirzamahmudov «Farzandingiz sog’lom bo’lishini istasangiz” (Farzandingizni maktabga jismonan tayyorlash uchun yordam) Toshkent, O’zPFITI 1993
13. Bikbaeva N.U., Ibroximova Z.U., Qosimova X.I. «Maktabgacha tarbiya yoshidagi bolalarda eelementar matematik tasavvurlarni shakllantirish» T. O`qituvchi 1995 y.
14. Bikbaeva N.U. «Maktabgacha tarbiya yoshidagi bolalarda matematika tasavvurlarni rivojlantirish» T. 1996 y.
15. Jumaev M.E. va boshqalar Matematika o`qitish metodikasi «Ilm Ziyo» T.2003 y.
16. Jumaev M.E., Axmedov e., Abduraxmonova N. Birinchi sinf matematika daftari T.2008 y

17. Dmitruk V. P. Pravila dorojnogo dvijeniya dlya shkol`nikov. Rostov -na - Donu.: Feniks, 2005.
18. Klochanov N. I. Doroga. Rebenok. Bezopasnost`. Rostov-na-Donu.: «Feniks», 2004.
19. Knyazeva O. L., Avdeeva N. N., Sterkina R. B., Maxaneva M. D. Bezopasnost` na ulitsax i dorogax. M.: Izd-vo. AST-LTD, 1997.
20. Pravila dorojnogo dvijeniya . Uchebnaya literatura. M.: Tretiy Rim, 2008.
21. Millaboev T. Yollarimiz behatar bo’lsin desangiz T. «O’zbekiston» 2011
22. O.U.Xasanboeva. Oila pedagogikasi. “Aloqachi”. T., 2007 y.
23. Stolyar A.A. «Formirovanie elementarnıx matematicheskix predstavleniy u doshkolnikov» M. 1998 g.
24. Zaxarova V.M. Metodicheskie ukazanie k izucheniyu kursa «Metodika prepodavaniya pedagogicheskix distsiplin v doshkolnom peduchilishe» M. 1985 g.
25. «6 dan 7 yoshgacha bolalar uchun matematika». Almatı 2008y.
26. L. G. Peterson, N. P. Xolina «Raz-stupen’ka, dva-stupen’ka» «Yuventa» Moskva 2007 g.
27. L. G. Peterson, E.E. Kochemasova «Igralochka» matematika dlya detey 6-7 let. «Yuventa» Moskva 2007 g.
28. Bikbaeva N.U. «Bolalar bog`chasida matematik mashg`ulotlarni rejalashtirish». T. 1998 y.
29. Z.A. Rahmankulova, N. Qurbonova, «Maktabgacha yoshdagi bolalarda matematik tasavvurlarni shakllantirish» (Metodik qo`llanma) – Toshkent- 2009y.
30. w.w.w. Ziyonet
31. http: // w.w.w //uralrti/ru.
32. www. bankreferatov.ru

Qosimsha

Ata-analarg`a esletpe!

Jollarda baxıtsız ha`diyseler payda bolmaslıg`ı ushın, u`yden balalar baqshasina, mektepke alıp barıwshı en` qa`wip-qa`tersiz joldı tan`lawda

perzentin`izge ko`meklesiwdin` ha`m onı ba`rqulla usı joldan ju`riwine itibar berin`.

Siz perzentin`izge jol ha`reketi qag`ıydaların belgili tu`rde u`yretip barın`, balalardın` bul qag`ıydalarg`a a`mel qılıwı, olardın` o`miri ha`m girewi ekenligin tu`sindirin`.

Perzentlerin`izden jol ha`reketi qag`ıydalarına a`mel qılıwın` talap etin`. Jollardan o`tiw qag`ıydaların u`yretin`.

Sonı umıtpan`! Balalar ha`miyshe u`lkenlerge qaraydı, olardan o`rnek aladı. Siz o`zin`iz bul jumısta balalar ushın mu`na`sip u`lgi bolın`!

Qosimsha

**Shinig`iw**

**Maqseti:** Balalarga jol ha`reketi qagiydasi, belgileri, qa`wipsizlik qa`deleri haqqinda tusindiriw (Svetofor, jol siziqlari, transport tu’rleri, forma kiygen

avtoinspektor haqqinda uyretiw). Balalardin` oylaw,sana-sezimi, oy-o`risin rawajlandiriw, sanawg`a uyretiw**.**

**Kerekli qurallar:** ren`li qag`az, kley, jol ha`reketi qag`iydalarina arnalg`an suwretler.

**Sabaqqa tayarliq:** Balalardin` diqqatin ta’rbiyashıg’a qaratiw: Bugingi hawa rayi ashiqpa, bultpa belgisin qoyiw. ma`wsim, ha`ptenin` neshinshi kuni ekenligin, azanda baqshag`a kiyatirip jolda nelerdi ko`rgenligin, bugingi na`wbetshi kim ekenligin soraw.

**Sabaqtin` barisi:** Balalardi transport tu’rleri menen tanistiriw, taqtadag`i jol ha`reketi suwreti haqqinda sa`wbet.

Bizler ulken, kishi adamlar jol ha`reketi qag`iydalarina boysiniwimiz kerek. Bolmasa baxitsiz ha`diyseler boliwi mumkin. Adamlar jollardin’ shetinde (tratuarlarda) jer asti (tunel`) jollardan juriwi kerek ekenligin svetofor onin` renleri haqqinda tusindiriw kerek.

Kizil ren`-jang`anda mashinalar toqtaydi, piyadalar juredi.

Sari ren`de tayarlanadi.

Jasil ren` jang`anda-mashinalar juredi**.**

Qıs ma`wsimi haqkinda takmak:

Qar jawip ko`mdi dalani
Shig`amiz sirg`anaqqa`
Kewilli muz alan`i
Shanada zirlamaqta
Suwdi ag`izdiq krannan
Sog`ayin dep sirg`anaq
Tunde qatti suwiqtan
Bolip qapti tayg`anaq

1. **Svetofor bizge qanday xizmet etedi eken? Svetofor haqqinda taqmaqlar:**



Ush ag’ayin barirmiz

Ush tur Renge qayilmiz

Qizil, jasil, Sari ren’
Ku’sh-qudiretke qayilmiz

Kizil jansa qiymildama

Sarı jansa sabırli bol

Jasıl jansa jaqsı barın’

Jolda ixtiyat bolin’

Raxmet!

1.Bul kim?-avtoinspektor (militsioner)

2.Kim ulken bolg`aninda avto inspektor boliwdi qa`leydi?

3.Piyadalar joldin` qay jerlerinde juriwi kerek?

4.Svetofordin` qanday ren`leri bar?

**Dene shiniqtiriw:**

Kubik ja`rdeminde juriw, a`ste jugiriw, qol ha`m baslardi on`g`a, shepke aylandiriw**.**

**II. Sabaq:** Kurastiriw

**Tema: «**Svetofor»

**Maqseti:** Balalardin` qol ha`m barmaq ha`reketlerin rawajlandiriw ha`m ren`lerdi ajiratip biliw.

**Kerekli qurallar:** Ren`li qag`az, kley, svetofor**.**

**Sabaqqa tayarliq:** Balalarg`a qurastiriw sabag`i ekenligin diqqatin svetoforg`a qaratiw.

**Sabaqtin` barisi:** Balalar ren`lerdin`  ush turin izbe-izlikte islewi ha`m ta`riyplep beriwi kerek. Svetofordin` 1-ren`i qip-qizil almag`a uqsaydi, 2-ren`i sarı-quyashqa,

3-ren`i jasıl-g`arbizg`a uqsap ketedi.  Qa`ne sabaqti baslaymiz.

Sabaq barisinda balalardin` islegen jumislarin duris yaki naduris islengenligin aytip o`tiw ha`m xoshametlew.

**OYIN: «Poezd-poezd»**

**Maqseti:** Balalardin` diqqatin, oylaw qa`biletin rawajlandırıw, shaqqanliqqa, ziyreklikke uyretiw.

**Kerekli qurallar:** Otirg`ishlar, jip.

**Oyin barisi:** Da`slep balalar 2-toparg`a bo`linedi. Biyik jollardan, iymek tuwri, tikenli jollardan juriwdi ha`reket boyinsha ko`rsetip, son` izbe-izlikte ma`nzilge keldik degenimizde otirg`ishlarg`a tez otiriwi kerek. Turip qalg`an balalar oyinnan shig`adi. Oyin sol taqilette dawam etedi. Otirg`ishlar bala azayg`an sayin birme-bir alip qoyiladi.